16.	(SB) Lha kok mboten pak Riyono mawon to mbak? Kok malah
17.	kulo?
18.	(P) Pak Riyono, kelompok tani niko pak?
19.	(SB) Enggeh mbak...
20.	(P) Hehehe... mboten pak, kulo pikir njenengan niku ingkang
21.	saget maringi ngertos kulo kok. Nggeh mangkih namung
22.	bapak crito pripun pengalamane njenengan. Ngoten.., lak
23.	sampun dangu to le nertani?
24.	(SB) Oh ha enggeh mbak, mpun ket mbiyen. Lha mbakke niki
25.	kuliah ting pundi?
26.	(P) Kulo teng UIN pak. Riyin IAIN sakniki dados Uin ngoten.
27.	(SB) Oh.. nggeh. Lha kuloo niki nggeh meng ngeten niki. Riyin
28.	mboten sekolah. Nggeh mangkih kulo le njawab nggeh sak iso-
29.	isone kulo mawon nggeh... Eh, mak kiye mbake gaweake
30.	wedang...
31.	(P) Hehe sampun pak mboten usah repot-repot. Emm nggeh
32.	pak, mangkih sak ngertose njenengan mawon.
33.	(SB) Halaah teko biasa mawon, wong ming banyu kok. Nggeh...
34.	lha mbakke niki jurusane nopo to?

35.	(P) Psikologi pak.
36.	(SB) Oh.. nggeh.., nggeh mengkih teko nopo ingkang dibutuhke
37.	damel skripsi niku teko tangletke mawon. Mboten usah pripun-
38.	pripun. Ben ndang rampung skripsine ngoten nggeh mbak.
39.	(P) Hehe.. nggeh pak. Matur nuwun sanget, sampun purun
40.	kulo repoti nggeh.
41.	(SB) Nggeh mboten nopo-nopo, wong meng ngoten mawon. Kulo
42.	mandak remen kok, njug nambah sedulur to mbak.
43.	(P) Nggeh pak... Lajeng ngenjang saget jam pinten pak?
44.	(SB) Jam pinten nggeh, bar luhur mawon nopo nggeh.
45.	(P) Oh nggeh ngenjang kulo jam setunggal dugi mriki. Lha
46.	njenengan tindak sawah niku pagi nggeh?
47.	(SB) Enggeh mbak, jam enem biasane. Nopo njenengan ajeng
48.	nderek ting sawah? Ndelok tandurane kulo? Eh kiye diunjuk sek...
49.	mumpung iseh anget.
50.	(P) Oh nggeh pak-buk matur suwun. Hehe nggeh pak mboten
51.	nopo-nopo pak menawi pareng.
52.	(SB) Nggeh monggo mbak. Nopo ngenjang nek kesuken mangkate
53.	kalih ibune niku?
54.	(P) Nggeh kalih ibuk mawon ngenjang, jam pitu nggeh ben
55.	mboten kesuken. Niki lagi ditanemi nopo pak?
56.	(SB) Lombok kalih pari niku mbak. Ning lomboke niku ngoten
57.	niko kuning-kuning keno bule. Ha embuh kiye arek urip pora.
58.	(P) Niku penyakit bule ngoten pak?
59.	(SB) Enggeh, niku penyakit. Nganti bingung le arep ngobati.
60.	Wong PPL niku to ditakoni wae ra ngerti solusine kok. Sakniki
61.	niku aneh-aneh kok penyakite niku. Tur nggeh obate niku tambah
62.	akeh.
63.	(P) Oh..ngoten to pak. Emm ngenjang niku, kulo mriki riyin,
64.	ngampiri ibuk, lajeng berangkat ting sawah sareng ngoten
65.	nggeh.
66.	(SB) Nggeh ngoten wae mbak....
67.	(P) Nggeh pak... Emm mungkin ngoten mawon riyin nggeh
68.	pak. Niki kok kadosé ajeng jawah. Kulo tak pamit riyin.
69.	Ngenjang enjang kulo tak mriki malih. Ngapunten sampun
70.	ngrepoti dalu-dalu nggeh pak-buk...
71.	(SB) Oh nggeh, ra mengko wae mbak. Opo nyare kene? Hehehe...
72.	(P) Hehe.. mboten pak kulo wangsul mawon.
73.	(SB) Arek kondur Jogja kiye?
74.	(P) Mboten pak, niki kulo ting Kranggan, nggen Oom kulo.
75.	(SB) Oh tak kiro kondur Jogja, berarti yo cedak yo.
76.	(P) Enggeh pak, hehe... nggeh sampun ngoten mawon. Pareng
77.	pak-buk... Monggo.
78.	(SB) Nggeh monggo ngatos-atos.
79.	(P) Assalamu'alaikum..
80.	(SB) Walaikum salam.

Verbatim Wawancara

INFORMAN SB WAWANCARA 2 (KODE: SB: W2)

Lokasi Wawancara : Sawah Informan
 Tujuan Wawancara : Mengetahui kegiatan informan
 Jenis Wawancara : Tidak terstruktur
 Hari/Tanggal : Jum'at, 4 Januari 2014
 Jam : 07.50-08.03
 Keterangan : (P) Peneliti
 (SB) Informan SB

No.	Hasil Wawancara
1.	(P) Sugeng enjang pak...
2.	(SB) Nggeh mbak...
3.	(P) Sek nopo niki pak?
4.	(SB) Niki to sek mbubuti suket-suket. Karo nyemprot.
5.	(P) Woh enten sukete to? Kan sampun dimulsa pak?
6.	(SB) Nggeh enten mbak, niku to teng bolongane mulsa sing cepake kaleh wite lombok niku lho...
7.	
8.	(P) Oh nggeh niki nggen bolongan niki to pak?
9.	(SB) Lha enggeh mbak. Niki lho tandurane sek do keno penyakit kuning. Keno bule. Nggeh kongeten niki mbak.
10.	
11.	(P) Emmh...
12.	(SB) Niki ki wes di semprot barang iseh kongene je mbak. Padahal messe ki yo wes ponska karo NPK barang lho. Neng kok tetep ijeh kongene.
13.	
14.	
15.	(P) Niki umur pinten to pak?
16.	(SB) Rong sasi po yo.
17.	(P) Emmh... niki ndak saget gedhe mangkih? Saget berbuah mboten?
18.	
19.	(SB) Nggeh mboten ngerti niki mbak. Nek biasane ki yo iso urip. Ning paling yo gering kongene iki to mbak. Koyo ra sehat ngono nek kuning-kuning kongene ki. Tanduran kan sek sehat ki sek iju.
20.	
21.	
22.	
23.	Iki tak tunggu rong-rong minggu meneh kok. Nek pancen ketok elek tandurane, arek tak ganti wae.
24.	(P) Lha ajeng digantos nopo pak? Mboten eman-eman biayane nopo?
25.	
26.	(SB) Opo ya, urung kepikiran sih. Tapi yo tetap tanaman kering. Jane ke yo eman-eman mbak, tapi priapun maleh nggeh, wong yo wes diragati nganti piro-piro yo tetap kongene. Daripada wes entek okeh nggo ndandani tapi ra dadai. Mending ganti anyar, menowo iso malah apik dadian hasile. Gusti ki ngenei sewu dalan to mbak. Mungkin lombok durung rejekine to mbak.
27.	
28.	
29.	
30.	
31.	
32.	(P) Oh, lha enggeh pak... leres niku.
33.	(SB) Mbak nggo sarapan sek, jan durung sarapan e.

34.	(P) Monggo-monggo pak. Mengkeh saget jam pinten pak? Le
35.	ajeng wawancara ngoten. Hehe..
36.	(SB) Bar luhur mawon kintene nggeh mbak
37.	(P) Mengkeh ba'da dhuhur kulo sowan njenengan maleh.
38.	Kulo tak nggeh sarapan. Pareng Pak...
39.	(SB) Oh, nggeh mbak, monggo-monggo.



Verbatim Wawancara

INFORMAN SB WAWANCARA 3 (KODE: SB: W3)

Lokasi Wawancara : Rumah Informan
 Tujuan Wawancara : Penggalan data
 Jenis Wawancara : Semi terstruktur
 Hari/Tanggal : Sabtu, 4 Januari 2014
 Jam : 13.05 – 14.35
 Keterangan : (P) Peneliti
 (SB) Informan SB

No.	Hasil Wawancara
1.	(P) Pak, ngapunten nggeh, ngganggu wektune njenengan. Niki kulo nglanjutaken tanglet-tanglet engkang kolo wingi kaleh wau.
2.	
3.	
4.	(SB) Oh, nggeh mbak monggo, nek kulo saget nggeh tak jawab.
5.	Ning nek saget nggeh.
6.	(P) Nggeh pak. Mriki kan endemik hama tikus nggeh pak, leres?
7.	
8.	(SB) Nggeh, naming biasane musim kedua tanam mbak.
9.	(P) Oh, menawi pantun terus pantun maleh, tikus?
10.	(SB) Nggeh, kadang ditanemi tanaman liyo, kadang nggeh dipantun meleh, tapi nggeh niku sok gagal. Ning tanaman teng
11.	Desember niki sok sae. Nggeh, Kedahe nggeh digantos soto, nopo
12.	lombok. Nek dipantun maleh niku, sok 50% nopo, mboten ngantos
13.	100%. Heheh..
14.	
15.	(P) Menawi satu blok niko niku nggeh padi sedanten?
16.	(SB) Nek pas ngeten niki nggeh enggeh, neng nek musim kedua
17.	niku mboten mesti, mriko niko blok soto.
18.	(P) Nggen nejenengan enggeh pak? Berhasil mboten?
19.	(SB) Nggeh alhamdulillah, lumayan. Nek soto niku mboten saget
20.	sedanten mbak, meng separo. Mangkih njug dipantun maleh. Nek
21.	soto sedanten niku mboten kiat ragate to. Nggeh paling mboten,
22.	ragate niku wangsul ngoten. Ning meng sepaleh mbak, mboten
23.	kados lombok. Nek lombok niku gebejan. Nek sakniki musim
24.	lombok niku kathah seng mboten dados. Nggeh kados wau niko
25.	mbak, kuning-kuning koyo ngoten.
26.	(P) Niki musim padi njug ditanemi lombok, terus dados mboten sae ngoten nopo pripun?
27.	
28.	(SB) Nggeh mboten, niki musim jawoh ngoten. Tanduran niku lak
29.	mboten mesti mbak. Nek pas sae mboten kados ngeten niki. Tikel-
30.	tikel hasile... Nek niki pancen musime jawoh. Njug kandungan
31.	banyune teng tanduran niku kathah. Neng pancen musim ngeten
32.	niki tanduran pancen kathah amane, sing kembang, phatek,
33.	bentene pancen kathah kaleh musim terang. Nek ngoten niki panci

34.	mboten mesti kok nggeh. Kabeh ki pancen kebegjan kok nggeh
35.	(P) Lha menawi sakniki niku pripun pak tanemane nggen njenengan?
36.	
37.	(SB) Nggeh kadoswau niko mbak kuning – kuning. Niki pancen
38.	musime, pancen iklim sek ngeten niki, sek musim jawoh ngoten,
39.	nek ngoten niki buahe kados kirang. Neng ngeten niki (hujan)
40.	lombok niku katah amane, sek kembang, sek patek. Bentene kalih
41.	teng ketigo.
42.	(P) Berarti mboten mesti nggeh pak nggeh?
43.	(SB) Nggeh nek dong paringi sae, nggeh sae. Nek sae nggeh
44.	mboten kados ngoten, tikel medale. Kabeh wae gebejane wong
45.	tani niku nggeh ngoten niki. Nek mbake niki kan lare wingi dadi
46.	nek lombok mboten patoso ngertos nggeh?
47.	(P) Nggeh mboten ngertos.
48.	(SB) Nggeh menawi gagal panen niku kan nggeh meng pripun-
49.	pripun mawon to. Mangkih sambil mengalir mawon nek petani
50.	niku. Nek mboten panen nggeh buruh-buruh nopo nopo. Nek enten
51.	pewedal nggeh nyingkirke. Nabung, sami ngoten. Menawi enten
52.	hasil seng radi lumayan nggeh mangkeh singgahke damel mundut
53.	sarat (bahan yang akan ditanan) meleh. Nek petani niku nabunge
54.	nggedh damel tumbas wedus nopo nek tandurane mboten risak
55.	nggeh niku weduse tasih mundak, ngoten...
56.	(P) Menawi tanenane risak?
57.	(SB) Nggeh niku, mundut tabungan, soale kan mboten enten
58.	ragate. Nek mboten di kembangke. Lha nek disimpen arto niku
59.	sok telas to. Ditabung niku disinggahke dalam bentuk nopo
60.	ngoten...
61.	(P) Menawi terahir gagal panen niku kapan pak?
62.	(SB) Sek riyin-riyin niku nggeh pernah wulan Agustus 2013.
63.	Karena tikus niku nek mriki sering. Sekitar Agustus niku nek
64.	misale panen nggeh mboten ketulung sekan. Nek sampun
65.	musim kedua tikus niku menyerang sama rata, do mboten panen
66.	sedoyo, saget telas sedoyo, tapi nek sek tanem weni kaleh niku
67.	lumayan, menawi pantun gagal panen mangkeh sotone, sok sotone
68.	niku nggeh panen. Nggeh nek soto niku katah hasile mriki niki
69.	cabange wonten kaleh, soto kalih lombok niku. Nek Agustus niku
70.	pawedal soto nggeh wonten.
71.	(P) Dadinipun menawi padinipun mboten bagus, enten pawedal lain nggeh?
72.	
73.	(Sb) Nggeh digantos soto niku sing kinging di andalke, ngoten,
74.	kecuali nek jawoh. Nek soto musim panas nggeh kenggeng di
75.	andelke. Nek musim kedua niku nggeh niku, sepaleh di soto nopo
76.	cabe sepaleh padi.
77.	(P) Turene bapak wau niko kan pernah tembakaune mboten panen, lah niku penyebab nopo?
78.	
79.	(SB) Nggeh sering, tembakau niku kan kados judi. Dadose kita

80.	mboten saget memperkirakan ngoten, tembakau niku nek gagal
81.	nggeh pas ngeten niki pas musim udan terus nggeh mboten pajeng
82.	sotone niku. Neng nek musim kering nggeh katah-katahe sami
83.	wangsul onten hasil ngoten.
84.	(P) Menawi luas tanah sawahipun njenengan pinten?
85.	(SB) Nek wau niko 8 kenjeng nggeh, sepertiga hektar nekke
86.	nggeh, menawi sak hektar niku ennten 12 kesuk, nek kae 8, berarti
87.	nggeh 0,7 hektar.
88.	(P) Berarti njenengan niku sampun tani dari dulu nggeh pak
89.	nggeh, nopo saking kecil?
90.	(SB) Nggeh, malah mpun lahir pun tani hehehe.... rumiyin niku
91.	mboten sekolah kok, wong mboten saget usaha lain kok. Ajeng
92.	sadean soto mawon riyen pun nate, naming hasile mawon kok
93.	nggeh kadosé rugi, njuk kendel. Dagang tembakau niku to,
94.	nanging nggeh pernah bakulan nopo mawon. Dagang niku kendel
95.	dari pada bangkrut to mbak... Nek wawancara kados ngeten niku
96.	kan mboten usah teng sawah wau niku.
97.	(P) Eh mboten nopo – nopo pak, wong kulo nggeh seneng teng
98.	sawah kok. Berarti njenengan riyen menangi jamane program
99.	BIMAS & IMAS nggeh pak?
100.	(SB) Nggeh menangi tapi dereng gede kulo. Wong taseh tumut
101.	bapak le tani niku.
102.	(P) Tapi pas jaman program niku njenengan sampun bertsni
103.	nggeh? Enten perbedaane mboten sakderenge BIMAS &
104.	IMAS kaleh sakniki?
105.	(SB) Nggeh pripun nggeh, nek hasil nggeh sami mawon. Tapi nek
106.	sakniki niki kadosé mboten saget lepas kaleh pupuk kimia ngoten
107.	nopo maleh sakniki pupuk organik rodo angel. Nek jamane
108.	bapakke kulo niku nggeh hama niku mboten kados sakniki niki.
109.	Trus nggeh jarang gagal panen ngoten. Rumiyen niku nek panen
110.	tekan panen maleh beras-gabahe niku sok taseh, tapi nek sakniki
111.	niku benten gabahe niku. Nek riyen nimbun gabah bathi nek
112.	sakniki rugi ngoten.
113.	(P) Lha niku king nopo pak?
114.	(SB) Nek riyen niku pas pailan gabah dados awis. Nek sakniki,
115.	pailan nopo panen nggeh sami mawon. Wong regine sampun di te
116.	tentokke kaleh pemerintah. Lha nek pas pailan mboten terbatas
117.	saking pemerintah niku lak njuk duwur-duwuran, lha wong mriki
118.	ngimpore nggeh saking pundi-pundi ngoten, lha nek sakniki regine
119.	pun sami.
120.	(P) Tapi nek soal hama sakniki mboten kados riyen nggeh?
121.	(SB) Nggeh, riyen jarang. Riyen kulo nanem lombok niku mboten
122.	nate kulo semprot. Namung lemi kalian pupuk kimia niki namung
123.	sepindah, sakniki sampun pyar-pyur obat mawon mboten
124.	menjamin, lha nek sakniki nopo-nopo awis obate, sakniki niku
125.	nanem lombok kok kedah werni-werni obate, nopo tanahe niku

126.	pun rusak nggeh hehehe...
127.	(P) Sakniki niku berarti aneh-aneh nggeh penyakite?
128.	(SB) Nggeh, ngantos mboten ngerti niku penyakite nopo, saking
129.	akehe. Ngantos tiyang saking PPL niku nggeh mboten ngertos.
130.	(P) Padahal biayane awis nggeh?
131.	(SB) Nggeh mbak, sakpuniko sampun telas 1 kwintal ponska. Nek
132.	biasane sedoyo telas 2 juta nek'e nggeh. Niku tenagane dereng di
133.	itung.
134.	(P) Tapi mangkeh hasile lebih dari 2 juta niku pak?
135.	(SB)Nek hasie sae malah lebih 3 juta-an malah. Nek regine sae.
136.	Wong regi lombok niku mboten mesti ajeg to mbak. Nek uripe
137.	normal sae nggeh angsal semoten. Nek mboten dados nggeh
138.	mboten mbalek modal tenan hehehe....
139.	(P) Menawi padi niku biayane pinten?
140.	(SB) Nggeh 2 juta mungkin, niku untuk 8 kesuk. Niku sampun
141.	sedoyo.
142.	(P) Berarti gagal panen nggeh enten tambal sulame nggeh
143.	pak?
144.	(SB) Enggeh, nek pantune mboten panen nggeh mangkeh di
145.	gantos nopo soto nopo lombok nggoten, onten sayur ngoten niku.
146.	Nggeh di ubengke endi sek pados ngoten to.
147.	(P) Menawi gagal panen niku nopo ingkang dipun penggalih
148.	njenengan? Dipun maknai sebagai nopo ngoten?
149.	(SB) Menawi gagal panen nggeh mboten wonten pengarepane
150.	ngoten. Mangkih ora ono sek arep nggo nandur maleh, paling
151.	usahane nopo sing kraos ngoten to mbak..
152.	(P) Enggakng dipun pengalin niku nopo pak, maksute niki
153.	sebagai nopo ngoten?
154.	(SB) Raose nggeh kados sedih to mbak, pengalihe niku engkang
155.	pados lebare seng ajeng damel sangu malih niku. Nek gagal niku
156.	nggeh sampun menyadari ngoten, menawi niku kan pemberian,
157.	mugi mawon paringi sabar, lajeng wingkinge paringi kalimpahan
158.	ngoten. Nggeh disukuri mawon wong niki cobo to mbak. Nggeh
159.	ngoten mawon pengalihe, kulo gagal panen nate riyen nanem soto,
160.	dipundut tiyang dicolong teng saben padahal sekitar gangsal
161.	kwintal nek'e nggeh.
162.	(P) Menawi kados koyongoten niku bapak pripun penggalih?
163.	(SB) Nggeh pripun nggeh, pancen dereng rejekine, nek kulo niku
164.	teko sabar mawon njuk teko mupus, wong sedanten niku
165.	kagungane sek Kuoso, jane arep kepiye tapi yo teko sabar. Nggeh
166.	niku pas wangsul saking sabin teko lemes, teko iju, pucet, wong
167.	pas poso. Nggeh pun rasah dipengalih wong mboten rejekine,
168.	ngoten mawon to mbak. Nggeh eling lek ragat niku to mbak, nek
169.	tani niku lak nggeh kados ngoten, njenengan ngertos kiyambak,
170.	nek tiyang tani niku ajeng protes kaleh sinten, nek kaleh tiyang
171.	sami-sami ngoten saget tapi nek kaleh sek Kuoso niku ngutus roso

172.	mawon, disukuri mawon wong sedanten niku namung cobo.
173.	Mupuse niku nggeh teko mikir niki dereng rejekine nggoten
174.	mbak.....nek gagal niku nggeh sering tapi pripon nggeh ajeng
175.	nyalahke sinten. Awrate ngoten to tiyang tani niku, nggeh rejekine
176.	nyadong seng Kuoso tiyang tani niku. Mboten kalih sak podho-
177.	podho nek nyambut damel teng mergi, teng dalan angger iso
178.	nggomong mawon nggolek duit piro-piro saget. Nek tiyang tani
179.	niku nggeh pancen nyadong kaleh sek Kuoso.
180.	(P) Em...hangih nggeh pak, rejeki nggeh langsung sangking
181.	Gusti nggeh?
182.	(SB) Nggeh, nek teng mergi nggoten sangger pinter nggomong
183.	wasis lha wes teko duit pinten mawon gampil to. Lha tiyang tani
184.	niku rejekine murni saking sek Kuoso. Mulane, nek enten nopo-
185.	nopo nggeh disukuri ngoten, nek sampun ngoten niku (syukur)
186.	alhamdulillah pengalihe sekeco ngoten. Nggeh <i>nrima</i> mbak
187.	engkang diparingi nggeh mensyukuri sedanten mbong kanton
188.	nglampahi. Nek saiki rung di paringi yo mugo-mugo sesuk
189.	diparingi. Alhamdulillah, menawi nembe gagal ngoten niku
190.	mangkeh onten kelimpahane. Angsal gantos maleh nggen nopo.
191.	Nggeh sedanten niku enten sek nggatur.
192.	(P) Setelah nrima ngoten niku, lajeng bapak berbuat nopo?
193.	(SB) Nggeh sampun dipupus raos gelone niku, sambil nyambi-
194.	nyambi lebetan liyo. Nggeh buruh-buruh nopo ngoten. Pokokke
195.	pados sampingan liyane sabin ngoten. Nrima engkang diparingi
196.	Gusti, kalih piyambake ihtiyar, riye pas bocah-bocah taseh sekolah
197.	ngingu sapi barangngoten nopo. Alhamdulillah diparingi damel
198.	saget tambahan ngoten.raose gagal panen nggeh ngoten niku to
199.	mbak.
200.	(P) Emange kados pundi raose niku pak?
201.	(SB) Ah nggeh ngoten niku lemes, nek di raoske nggeh kados
202.	ajeng masuk angin niko, pas ngerti ngoten niku nggeh ndredeg.
203.	Tapi nggeh lebare mupus. Nek mboten di pupus, nek ngantos
204.	mlebet rumah sakit malah repot. Malah tambah katah biayane..
205.	(P) Menawi raos teng fisik ngoten kados pundi?
206.	(SB) Nggeh awal namung lemes, nanging nggeh mbing sak naliko
207.	ngoten niku. Nek kulo mboten nopo-nopo tapi wong wedok niku
208.	sek sok jero penggalihe mikir damel kebutuhane sedintene niku to
209.	mbak, padahal pas tanem niku bayangane sampun katah, ibune
210.	niku nek mboten panen sok muni “lha kae ne ora panen njuk piye
211.	lebare?” ngoten... Kepikiran sek ajeng damel biaya ngoten niku to.
212.	Nek petani niku ajeng nopo to mbak nek mboten nrima. Tanduran
213.	niku bedo kaleh bakulan, nek tanduran niku ajeng hasil ngenteni
214.	sasen-sasen tiap dino di tueni njuk gagal, niku njuk kudu pripon
215.	wong gagal panen niku parigane Gusti.
216.	(P) Gagal panen engkan paling parah ngantos pinten pak
217.	tirahane?

218.	(SB) Tanah 8 kesuk niku pun nate gagal total. Mboten panen sama
219.	sekali. Nggehe paling wangsul winihe 30 kg nggehe wangsule niku
220.	nggehe saking pingir-pingiran niku sek di golekki. Padahal nek
221.	mboten gagal enten 4 ton hasile, total nggehe pun nate mboten nate
222.	panen pisan.
223.	(P) Niku mbeng njenengan mawon nopo sedanten?
224.	(SB) Mboten, sedoyo nggehe sami kok, nggehe menawi tanenam
225.	Desember ngeten niki 90% nek Apri di pantun niku so gagal.
226.	(P) Wau sanjange bapak menawi gagal panen puniko sabar,
227.	lajeng nrima ngoten pak?
228.	(SB) Nggehe mbak, kulo nggaten nggehe nopo-nopo disyukuri
229.	mawon. Pancen dereng rejekine ngoten.
230.	(P) Menawi nrima niku wujud perilakune nopo nggehe pak?
231.	(SB) Nggehe dedongo mawon to, kulo wangsulke maleh kaleh seng
232.	Kuoso to. Le pengaleh niku wong wes ora dadi duwek'e yo uwes.
233.	Nek waune nggehe penggaleh ngoten-ngoten njuk di pupus. Wong
234.	kaleh sek Kuoso niku njuk pripun maleh to. Nek ajeng pripun-
235.	pripun njuk ngresulo niku lak mboten leres to, podo wae njuk
236.	njengkeli kaleh sek Kuoso, kadang njukenten sek sok bunuh diri
237.	niko to, kados sek teng ngunung, tapi niku kan mboten leres sami
238.	mawon niku mboten nrima to.
239.	(P) Menawi njenengan pripun?
240.	(SB) Nggehe ngoten niki cobo, ajeng nopo mawon sebabe gagal
241.	panen niku cobo, kuat nopo mboten kantun atine piyambak niku
242.	menawi gagal nggehe dedongo mugi di paringi kesabaran,
243.	kekiyatan, kesehatan dadose saget tanem malih.
244.	(P) Reaksi pertama ketiaka njenengan ngertos tandurane
245.	gagal niku pripun?
246.	(SB) Sekedap mak tratap, neng kan njuk golek-golek piye carane
247.	ben iso tandur meneh. Paleng ibune kuwi sek sok nguwatke, mbok
248.	wes pak, ngoten nek mboten di lilakake niku, nek ngantos sakit
249.	repat. Nek di gawe ngrentes-ngrentes mboten pulih, mboten plong,
250.	paah mangkeh terganggu kesehatane, upami disadari mandak
251.	padang pikire. Menawi ajeng ngeluh ngeten-ngeten nggehe
252.	manggkeh pengalihe, awake. Menawi disyukuri nopo-nopo
253.	disyukuri mandak sekeco awakke, penggalihe malah anyes, mugi-
254.	mugi diparingi kesehatan, ngenjeng saget damel maleh ngoten.
255.	ndilalah seng Kuoso mboten tilem, mangkeh nggehe pikantuk
256.	rejeki.
257.	(P) Njenengan wau ngendiko, menawi kados ngeten nggehe
258.	namung nrima, setelah njenengan melihat ngoten niku,
259.	njenengan lemes pak?
260.	(SB) Ha.. nggehe.
261.	(P) Lajeng njenengan mupus, lha wong niku paringane Gusti
262.	nggaten?
263.	(SB) Enggehe mbak, <i>nrima</i> mawon paringane Gusti.

264.	(P) Setelah <i>nrima</i> ngoten nopo enggkang njenengan lakukan?
265.	(SB) Kulo mboten mendel mawon nanging pados pemasukan
266.	liyane to mbak. Pas lare-lare taseh alit niku kaleh ngingu sapi,
267.	menawi pertaniane gagal nggeh saget nutup.
268.	(P) Kepikiran pados rejeki lain niku pas teng ndalan nopo
269.	taseh teng saben?
270.	(SB) Nggeh teng dalem teng sawah ngoten mboten saget mikir
271.	nopo-nopo, tapi kulo ket mbiyen panci sampun dobel pendamelan.
272.	Mboten namung tani. Soale nek ragat sekolah niku mboten tekan.
273.	Nggeh kaleh njagani menawi tandurane mboten saget di jagakke,
274.	soale pertanian niku mboten saget diprediksi. Enggkang paring
275.	rejeki niku nggeh Gusti, dados mboten enten gambaran, nek
276.	mboten gadah cekelan liyo. Nggeh kaleh dedonggo niku mug
279.	paringi sae, kalih diusahani. Reh dene gagal nggeh pripun maleh.
280.	(P) Nopo bertani niku pekerjaan ingkang religius nggeh,
281.	hehehe...
282.	(SB) Lha nggeh sedoyo dipun serahke Gusti. Rejeki nggeh sek
283.	maringgi langsung saking Gusti, mboten saget korupsi nopo-nopo.
284.	Rejeki engkang paling murni niku nggeh petani. Lha nek mbung
285.	pados arto niku angger wasis omong neng dalan wae entok duit,
286.	misale dados makelar. Nek petani duit satus ewu waae ngenteni
287.	tanduran metu, ngenteni diparingi. Nggeh mug-mugi halal,
288.	rejekine diparingi keket (awet) mboten cepet entek.
289.	(P) menawi njenengan <i>nrima</i> niku gampil mboten pak?
290.	(SB) Nggeh mboten mbak, asline nek ditawani nggeh mboten
291.	purun gagal to. Wong pun dilabohi, pun di upayani kok. Neng
292.	niku kan diluar kehendak menungso nggeh dipekso <i>nrima</i> niki
293.	niku.
294.	(P) Hehe... nggeh pak, lajeng hambatanipun pada saat
295.	njenengan ajeng <i>nrima</i> niku nopo?
296.	(SB) Nggeh mboten tenang to mbak penggalihe, nggeh ajeng
297.	pripon nggeh, njuk sok mupus to. Nggeh hambataane niku kadang
298.	tanduran sok dijagakke damel kebetahan, misalke ajeng damel
299.	tilek putu teng Tangerang neng mboten panen, nggeh mboten
300.	saget. Naming nggeh sok rodo dadi pengalih nek sampun kangen
301.	ngoten niku kadang nggeh so angel mupus niku, nek eling
302.	sampun diragati, ditenagani tenanan niku to mbak, ngelingi sek
303.	laboh seprono seprene, nggeh marakke gelo. Syarat ragat,
304.	tenagane, nek ngantos gagal niku jaaan.... Sek angel niku jan
305.	perang kaleh awakke dewe niku, ngedem pikir ben saget <i>nrima</i> .
306.	(P) Enggih nggih pak, wong raos niku teng lebet. Mboten
307.	ketok nggeh, dadose lek ndandani nggeh awrat . Nek mboten
308.	diri sendiri nggeh mboten saget ndandani ngoten pak?
309.	(SB) Lha nggeh mbak wong roso mboten ketok, tanggane wae ra
310.	ngerti opo meneh arep ngrewangi ngrasakke. Sek iso marai mari
311.	kie yo awakke dewe mbak.

312.	(P) Engkang nguataken kedah nrima, meskipun awrat niku nopo pak?
313.	
314.	(SB) Nggeh keluarga mbak kalih mangkih tingkat keimanan.
315.	Menawi tiyang mboten <i>nrima</i> nggeh bunuh diri kados sek teng
316.	ngunung niku to, kito wong nggeh manungso umate Gusti, dadose
317.	nopo-nopo niku teko disukuri mawon, wong sampun di kompliti
318.	ihtiyar usahane, kasil niku kan peparang nek kulo ngrunggokke
319.	pengajian teng TV niku, kita niku kedah syukur, sabar ajeng kados
320.	nopo engkang dipun paringi.
321.	(P) Sering ningali pengajian pak?
322.	(SB) Nggeh kadang niku to. Nek mungele kulo tiyang tani niku
323.	wonten posisi paling ngandap, nggeh kulo niki tanahe 8 kenjeng
324.	wetune 4 kwintal, dereng mangkeh kelong sarat ragat, ragate sek
325.	ajeng tanem maleh pinten, kebetahan sehari-hari pinten, ngeten
326.	niki nek di itung-itung mboten cucuk mbak, mboten klop, mboten
327.	cekap damel kebetahan nek mboten pados tambahan. Petani niku
328.	paling ngandap paling ngrekoso, neng nggeh niku wau kulo
329.	bangsulke niku jatahe sek Kuoso, mboten saking sinten-sinten
330.	langsung saking Gusti, mboten melalui pelantara sinten-sinten
331.	kecuali tananam.
332.	(P) Menawi njenengan sampun nrima ngoten, nopo ingkang njenengan raosaken wonten awak?
333.	
334.	(SB) Nggeh teko sekeco mawon. nek mboten <i>nrima</i> mboten penak
335.	neng awak. Malah penyakiten, tinggi darahe, kulo niku nek
336.	tonggo-donggo do takon “Njuk kepiye?” kulo sanjang mawon, ha
337.	mbok luweh ngoten. Tapi panci kulo niku mboten nate darah
338.	tinggi. Kulo aksoro ha luweh kaleh ha kono nek gelem mangan
339.	tandurane kulonek sampun ngoten, Alhamdulillah paringi tenang
340.	tentrem.
341.	(P) Nopo <i>nrima</i> niku saget marakke njenengan kuat pak?
342.	(SB) Nggeh, wong rejeki niku sewu dalan. Mati sewu dalan, nopo-
343.	nopo sewu dalan wong sek Kuoso engkang paring.
344.	(P) Padahal mriki daerah endemik nggeh pak?
345.	(SB) Enggeh, tikus niku emang ora memper, nek tiyang mriku
346.	emang sampun menyadari. Menawi tanam kedua niku pun do noto
347.	ati, niku cabene ngen kulo niku sampun gagal padahal sek
348.	nanganni sampun koyo ngopo. Tapi nek kuo teng saben nggeh
349.	tenang mawon, kaleh di usahani. Mangkih nggih sak metu-metune.
340.	(P) Mboten dicabuti terus di gantos tananman lain?
341.	(SB) Dereng mbak, nek wong tani niku lak anane mbeng lor
342.	Magelang niku, menowo-menowo hehehe.... Nggeh niku andalane.
344.	Ngalih kesabaran niku panci awrat nggeh. Awrate niku nggeh pas
345.	menghadapi cobaan niku, gagal panen nopo ngoten.
346.	(P) Maksute awrate niku pas bagian napane pak?
347.	(SB) Nggeh proses ben supayane <i>nrima</i> , <i>lilo</i> niku to mbak. pas
348.	menghadapine niku, wong pun dilabohi nek gagal trus sek ajeng

349.	damel sangu maleh nopo, mboten paido. Nggeh teko sami luweh
350.	niku. Dadine njur sekeco, ibune nggeh mboten nate nyalahke kulo,
351.	nek kulo gagal. Mendukung mawon engkang kulo tanem, mboten
352.	nate umpah-umpahan nopo, wong sakniki nopo-nopo awis obat-
353.	obat tanaman awis, pupuk awis. Kadang nggantos nyade kewan
354.	niku damel modal tanem maleh.
355.	(P) Oh.. ngoten to pak. Nggeh mboten mudah nggeh pak.
356.	Emm... mungkin ngoten riya mawon pak. Kadosé kok
357.	sampun cekap.
358.	(SB) Nggeh... nggeh... sampun nopo mbak?
359.	(P) Nggeh pak, niki riya mawon. Mangkih menawi kirang,
360.	kulo mriki malih.
361.	(SB) Oh.. mbok enggeh, menawi mboten wawancara, ajeng dolan
362.	mawon nggeh angsal kok.
363.	(P) Hehe nggeh pak. Ngenjang menawi ontek wekdal kulo
364.	sowan malih. Emm... matur suwun sanget nggeh pak, sampun
365.	dibantu.
366.	(SB) Halaah mbok enggeh mbak.

Verbatim Wawancara

INFORMAN MT WAWANCARA 1 (KODE: MT: W1)

Lokasi Wawancara : Rumah-sawah informan
 Tujuan Wawancara : Building raport
 Jenis Wawancara : Semi terstruktur
 Hari/Tanggal : Sabtu, 4 Januari 2014
 Jam : 07.32-08.03
 Keterangan : (P) Peneliti
 (MT) Informan MT

No.	Hasil Wawancara
1.	(P)Assalamu'alaikum bu..
2.	(MT) Nggeh.. walaikum salam, mriki mlebet riya mbak...
3.	(P)Nggeh matur nuwun bu.. Nggo bu menawi badhe nyusul
4.	bapak wonten sawah, njenengan sampun siap to bu?
5.	(MT) Sampun, nggeh keh riya.. Niki ngirim bapakne sarapan,
6.	wong durung sarapan kok wau ke.
7.	(P)Oh.. nggeh bu, kulo tenggo. Niku mangkeh ajeng teng
8.	sawah pundi bu?
9.	(MT) Sawah Kranggan mbak, tapi rodok adoh e. Rapopo to
10.	mbak?
11.	(P)Eh... mboten nopo-nopo kok bu, santai mawon. Heheh,
12.	nopo mbeto motor mawon nggeh. Lak saget to, motore
13.	ngantos sawahe njenengan?
14.	(MT) Saget-saget saget kok, mengkih diparkir pinggir dalan
15.	mawon.
16.	(P)Oh nggeh... sampun bu? Nggo nek ajeng berangkat.
17.	(MT) Oh nggo mbak.
18.	(P)Niki miyos pundi bu arahe?
19.	(MT) Mriki niki mawon, nganan, njuk liwat pinggir mbale deso.
20.	Mangkeh SD Ngisor mriko niko, nganan nggeh. Lurus mawon
21.	mbak tapi dalane rodok elek e..
22.	(P) Nggeh bu... siap, hehehe
23.	(MT) Nah nggeh mbak, parkir mriki mawon. Aman kok.
24.	(P) Oh nggeh bu, berarti niki mlampah mriko bu?
25.	(MT) Nggeh mbak, neng rodo adoh e sawahe, soale rodo nengah
26.	niki... Ngati-ati mbak, lunyu. Opo dicopot wae srandale ndak
27.	kepleset.
28.	(P) Sampun bu, mboten nopo-nopo kok, mpun biasa dolan
29.	teng sawah.
30.	(MT) Niki sawahe kulo mbak. Keh riya nggeh tak madosi
31.	bapakne. Njenengan mriko niko ngentosi teng gubug.
32.	(P) Nggeh bu... niki pinten sedoyo luase?
33.	(MT) Pinten nggeh, wolung kesuk nggeh kadose.

34.	(P) Wolung kesuk niku pinten hektar?
35.	(MT) 7 per delapan hektar nggeh kintene. Keh riyen nggeh mbak...
36.	(P) Nggeh.
37.	(MT) Bapakne niku kok ra ketemu e, njajal sek nek menowone
38.	neng ngisor.
39.	(P) Kulo tak tumut le madosi bapak mbokan bu, dari pada
40.	meng nggogok to.
41.	(MT) Oh.. ha enggo.
42.	(P) Niki sedanten ditanami padi bu?
43.	(MT) Nggeh mboten, mriko niko sek ngisor di lombok to. Tapi
44.	pancen sebagian besar padi niki.
45.	(P) Niki padi jenis nopo bu?
46.	(MT) Eee... nopo nggeh lali kulo. IR 64 kados.
47.	(P) Bibite saking pundi bu?
48.	(MT) Saking pertanian niki. Kie mbak, koyo ngene kiye, wingi ki
49.	wes di semprot padahal. Nek iki iseh mendingan daripada nggon
50.	pak Gito. Kae lho mbak sek dilewati dewe. Sek parine do
51.	dipangani uler.
52.	(P) Oh enggeh nggeh bu. Niki lumayan lemu-lemu. Iju
53.	mbarang nggeh tandurane? Nek niki umur pinten bu?
54.	(MT) Niki ki pinten nggeh, 60 dino kados.
55.	(P) Ndak sae terus kados ngeten niki bu?
56.	(MT) Nggeh mboten mbak, niki kan dereng ketok hasile. Wong
57.	dereng metu parine. Nek wong tani niku, nek dereng panen nggeh
58.	dereng saget mutusi sae nopo orane mbak. Wong kadang nek
59.	mpun mratak niko to, sore ditileki iseh apik. Iso wae bengine
60.	dicacahi tikus. Njug isuke wes do ambrug ngono wae. Jan ora iso
61.	diprediksi mbak nek tani ki.
62.	(P) Enggeh nggeh bu nggeh. Namung tikus mawon omone?
63.	(MT) Werno-werno mbak, yo walang sangit, kresek, ah akeh
64.	mbak, nganti bingung kok kadang ki, kuwi jenenge penyakit opo.
65.	Tanggor nang tanduran kering. Kae lomboke niku nggeh teko
66.	kuning-kuning wae. Opo penyakite nggeh mboten ngerti, nek
67.	wong mriki nggeh teko penyakit bule ngoten mawon jenengane.
68.	Ngati-ati mbak lunyu. Eh niko bapakne teng mriko. Nggo sareng
69.	mriko.
70.	(P) Nggeh bu...
71.	(MT) Niki mbak lomboke sek keno bule niku. Jan kados ngoten
72.	lho, niki do kuning-kuning godonge.
73.	(P) Emmh... niki ndak saget gedhe mangkih? Saget berbuah
74.	mboten?
75.	(MT) Nggeh mboten ngertos niki ditunggu mawon. Kulo nggeh
76.	meng ngenteni koyongopo engkone kok mbak. Eh mbak kulo tak
77.	ngancani bapakne sarapan riyin nggeh. Mesa'ake nek dewekan.
78.	(P) Eh, enggeh bu. Matur nuwun nggeh sampun diterke mriki
79.	ningali sawah kalian tandurane njenengan, kulo tak pamit

80.	mawon. Mengkeh ba'da dhuhur kulo sowan njenengan maleh.
81.	Kulo tak nggeh sarapan. Pareng bu...
82	(MT) Oh, nggeh mbak, monggo-monggo



Verbatim Wawancara

INFORMAN MT WAWANCARA 2 (KODE: MT: W2)

Lokasi Wawancara : Rumah Informan
 Tujuan Wawancara : Penggalan data
 Jenis Wawancara : Semi terstruktur
 Hari/Tanggal : Minggu, 5 Januari 2014
 Jam : 07.00 – 08.10
 Keterangan : (P) Peneliti
 (MT) Informan MT

No.	Hasil Wawancara
1.	(P) Buk ngapunten ngreputi malih...
2.	(MT) Pripun?
3.	(P) Nganu, nggeh melengkapi. Melengkapi niku nopo
4.	nggeh..ngompliti wingi nggeh. Mungkin pertanyaane nggeh
5.	sami.
6.	(MT) Nggen soal pertanian nopo?
7.	(P) Nggeh maksute, Sikape ibu ketika menghadapi gagal
8.	panen. Nah..nopo.. Panci gagal panen sampun dangu nggeh
9.	bu nggeh?
10.	(MT) Nggeh mpun dangu.
11.	(P) Maksute mulai sering gagal panen?
12.	(MT) Sering. Taun wingi niku nggeh, Tahun 2013 sedanten niku
13.	nggeh gagal panen, mbak.. mung oleh telung kintal niko. 2013
14.	mpun nate, duaribu pinten niko nggeh....
15.	(P) 5 tahun terakhir turene nggeh?
16.	(MT) Nggeh.. Niku sing mriku niku nggone pak Gito niko sing
17.	ngandap nggen legok niko mpun nate gagal panen, niko 2011
18.	kadose.
19.	(P) Penyebab nopo buk?
20.	(MT) Nggeh tikus. Tikus nek mriki mbak nek gagal panen.
21.	(P) Menawi gagal panen trus maksute ingkang sikapipun ibu
22.	pripun ngoten?
23.	(MT) Nggeh.. sikape nggeh radi tenger-tenger nggeh pripun.
24.	Ngarepane pripun, Masa depane niku ajeng pripun to mbak. Nek
25.	wong tani nek ngasi gagal panen lak njug sesuk sing damel maem
26.	nganu maleh pados maleh.
27.	(P) Perasaan pertama ngoten tenger-tenger lajeng pripun buk
28.	bar tenger-tenger nikku terus pripun?
29.	(MT) Ha pripun ngoten nggeh teng nggriyo, teko delek-delek
30.	mawon. Raose awake nggeh lemes pripun ngoten nggeh pikirane
31.	njug ah koyone ki yo meng kari ngudeng-ngudeg kiyambak niko
32.	to mbak. Kiyambak nggeh kantun sak dermo. Wes le gawe usaha.
33.	Wong tani niku sagete mung ndamel. Sak donge nggeh taseh

34.	kemutan mpun dipupus maleh ajeng pripun to mbak. Nggeh
35.	waune ngrasakke sikil kaleh anu nggeh gemeter niko, lemes. Ha
36.	nggeh mbak nek ngasi rak panen nggeh ngoten niko to mbak. Sing
37.	ngelingi laboh. Lek matun. Mbake perso to lek matun teng sabin
38.	pendak dino. Dereng mangkeh nek ngerjakke tiyang, paling
39.	mboten 500 ewunan niko mbak sedanten niko.
40.	(P) Matun tok niku?
41.	(MT) Enggeh matun tok
42.	(P) Menawi mboten?
43.	(MT) Ha nggeh mboten rampung mbak menawi kiyambak.
44.	(P) Nggeh nggeh nggeh... Menawi bapak menawi menghadapi
45.	gagal panen ngoten pripun menawi bapak sendiri?
46.	(MT) Nggeh riyen niko nggeh paling mung grenengan njug sesuk
47.	ki pie. Yo pie carane golek maleh. Ngunu njug nopo sing gadah
48.	disade to mbak. Mangkeh gadah kajeng nggeh kajeng, nopo nek
49.	gadah pitek nopo mendo damel maleh to mbak.
50.	(P) Damel modal maleh?
51.	(MT) Nggeh ngoten iku nek wong tani niku gadahe mbak.
52.	(P) Nek mpun sumerep terus lajeng ngoten niku dimaknai
53.	sebagai nopo bu? Maksute ketika gagal panen njug trus
54.	njenengan niku ngraos iki ki opo ngoten lho?
55.	(MT) Padane nggen bencana ngoten nggeh? Keno opo.. suk
56.	nggagas masalahe opo. Keneng opo. kayakne lho rak ono masalah.
57.	Suk ngroso kayane kedosan. Nggeh, diwangsulke Gusti Allah.
58.	Paling dewe iki gek disudo rejekine. Paling nggeh ngoten niku nek
59.	tiyang tani niku. Usahane namung ngoten niku. Nggeh nopo-nopo
60.	nek tiyang jawi niko sagete nggeh mung <i>nrima</i> . Yowes ncen
61.	rejekine lagi disudo. Paling nggeh ngoten niku to mbak. Nggeh
62.	nek paringi panen radi nganu, nggeh dewe lagi ditambah rejekine.
63.	Ngoten niku mawon.
64.	(P) Nopo, nek ketika sumerep ngoten niku nggeh teko “wes”
65.	mawon nggeh bu?
66.	(MT) Wes niku nggeh dalam kelahirane mawon, nek bathise
67.	nggeh sami mawon. Riyen ndek satane ical niko abot-aboto mbak
68.	mel. Raose nggeh enteg2an niko jane arep kepriye.. jane arep nggo
69.	sangu bodo malah dianu uwong. Ngoten niku to mbak. Wong
70.	Bodo kurang seminggu lak mpun mulai nganu to mbak persiapan
71.	damel sangu bodo ngoten.
72.	(P) Dipikir raose pripun bu?
73.	(MT) Hanggeh mpun ambyar sedanten. Wes ilang arep kepriye.
74.	Ajeng dipadosi nggeh dipadosi teng pundi to. Purun mboten purun
75.	nggeh <i>nrima</i> nggeh <i>nrima</i> niku. Madosi nggeh mpun angel to.
76.	(P) Menawi nopo nggeh, menawi nrima ngoten niku kan terus
77.	niku buk, nopo menawi ingkang njenengan raosaken nopo bu?
78.	(MT) Nek mboten trimo nek kados kecalan nggeh saget laporan.
79.	Misale laporan RT nek kicalan.

80.	(P) Tapi nek gagal panen mboten nggeh?
81.	(MT) Menawi gagal panen lak mboten. Ajeng lapor, lapor kaleh
82.	sinten. Wong niku jenenge danganu omo to mbak. Neng nek niku
83.	tiyang mendet sanes. Nopo arep ngarani tiyang nek mboten
84.	wonten buktine mboten saget to ngoten niku. Nek ngasi gagal
85.	panen nek kelantur lantur njug mbesok masa depane koyok opo.
86.	Kebutuhane niku lho mbak. Sehari-harine niku. Pikirane nggeh
87.	mung ngoten niku. Arep utang, sing diutangi nggeh nganu to
88.	mbak. Nggeh mboten kepenak to. Paling yo mangkeh nyileh gen
89.	sanak, damel laboh ngoten niku. Menawi wujud perilakune niku
90.	nek menawi gagal panen terus nrima niku nggeh sabar,
91.	ngiklasaken. Ngoten to mbak? Lha nek mboten diiklasaken lha
92.	njug pripun, paling yo mung mupus ngoten niku. Malah dados
93.	sakit to mbak. Lha nek penggalihe mikir terus lak dados sakit to
94.	mbak. Mangkeh saget stress nopo saget nopo. Dados penyakit
95.	namine to mbak ngoten. Pancen niku nggeh teko mpun orak
96.	rejekine. Nggeh ngoten niku mbak. Gusti Alah lagek maringi
97.	semono, wes gek disudo. Ngoten mawon.
98.	(P) Nrima niku awrat mboten bu?
99.	(MT) Jane nek kon nrima-nrima terus niku nggeh mboten saget,
100.	kon nrima-nrima terus, kon kurang piye...wong yo garapane wes
101.	digarap, wes dimes, diresiki ngoten. Neng yo omo tikus niku suk
102.	gagal panen ngoten niku.
103.	(P) Menawi setelah ngoten mupus ngoten niku njug sade nopo
104.	damel nutup biaya tanem meleh. Ngoten nggeh bu nggeh?
105.	(MT) Nggeh. Nggeh mangkeh njug kaleh pados damelan ngge
106.	sangu maleh. Damelan niku nggeh nyambut gawe kados tukang
107.	batu, bapake sok ngoten niku. Lha njug kengeng damel sanggu
108.	maleh.
109.	(P) Soale jane nek menawi panen niku sek sepaleh damel
110.	tanam meleh sek sepaleh damel sangu nggeh bu nggeh?
111.	(MT) Hanggeh damel sangu labet maleh. Nek tiyang sak niki
112.	panci suk diulur-ulur ngoten to mbak.
113.	(P) Seng sepaleh damel modal tanam meleh?
114.	(MT) Sing sepaleh mangkeh damel maem. Sepertelon mbak.
115.	Damel sangu, damel sehari-harine. Mangkeh damel maem niku to.
116.	Suk nganu. Pengene wonten sisane, njug mangkeh ditabungke
117.	ngoten. Jane niku nek ajeng <i>nrima-nrima</i> terus nggeh asline nggeh
118.	raose sakit to mbak. Yen nggen kelahiran nggeh mboten nopo-
119.	nopo tapi nek kebatinan mesti nggeh sakit to mbak. Gagal panen
120.	kok lek keparingan kok le terus koyo ngene. Ngoten niku. Ya nek
121.	neng lahire yo luweh meng gek disudo rizkine. Yen nek
122.	kebatinane nggeh raose nggeh pripun, loruuu ngoten.
123.	(P) Menawi ngilangi raose niku berapa lama bu? Misale lebar
124.	nganu nggeh gelo le mboten panen niku pinten dinten?
125.	(MT) Ah Nggeh dangu mbak. Ajeng labet maleh nggeh taseh

126.	kelingan. Taseh kemutan terus. Kadose ke nglokro ngoten. Koyo
127.	arek ora laboh meneh, tapi yen ora laboh meneh ngko ndarek
128.	piye. Wong uripe teng nggen sabin to mbak, kehidupane.
129.	(P) Hmm...dadose menawi nganu nggeh buk, nopo, asline
130.	nggeh dangu nggeh le menyembuhkan diri kiyambak ngoten
131.	niku?
132.	(MT) Nggeh bulan-bulannan niku mbak nek dirasakke.
133.	(P) Ajeng laboh mawon taseh kelingan sek wingi nggeh, taseh
134.	wedi-wedi?
135.	(MT) Nggeh taseh. Kados niki to mbak Lombok. Niko lak gagal
136.	panen Ngoten niko. Niko modale sampun telas katah to. Mbenjeng
137.	nek ajeng tanem maleh nggeh sangu modal maleh ngoten niko.
138.	Padahal Lombok niko biayane nggeh katah to mbak.
139.	(P) Hmm..nggeh nggeh nggeh. Rodok nopo nggeh, wedi ngoten
140.	niku le ajeng memulai maleh ngoten?
141.	(MT) Hanggeh. Rodo males ngoten, aras-arasen. Tapi pripun
142.	sagete mung tani nggeh teko ngoten niku, dianu meleh. Ingkang
143.	mendorong malih niku usaha sanese nopo yo bisane saget
144.	ditanduri maleh. BMTane mboten gagal panen niku gantos nopo.
145.	(P) Berarti ingkang mendorong niku nggeh kemudian
146.	keinginan bertahan ingkang ngajeng nggeh?
147.	(MT) Nggeh ingkang ngajeng, ekonomine, pengeluaran. Soale
148.	petani menawi mboten usaha piyambak nggeh mboten wonten
149.	ingkang maringi. Nggeh maringi paling nggeh niku, ngampil-
150.	ngampil niku, mangkeh nyarutan. Mangkeh paling sing maringi
151.	nggeh anak, tapi kolo-kolo to mbak, nek anak niku mpun damel
152.	lare piyambak. Damel rumahtangga piyambak. Mpun enten
153.	nganune.
154.	(P) Dadose nggeh ingkang mendorong, nek ajeng kapok njug
155.	pripun ngoten nggeh. Istilahe, wah nanem Lombok kados
156.	ngeten, menawi sesuk meneh nek arek kapok njug arep priye.
157.	Ngoten nggeh?
158.	(MT) Nggeh nekat nanem maleh ngoten. Nekat ngoten mbak.
159.	Modal maleh. Nek kados bapake niko cepet, nek kados kulo nggeh
160.	dangu. Entene ndek ajeng moso-moso niko mbak. Kadose njug
161.	koyo umpah-umpahan. Pripun ngoten nggeh. Soale nek tiyang
162.	jaler biasane kedah cepat bertindak. Iki kudu lek ngopo. Ngoten
163.	nggeh mboten kesuwen. nek tiyang setri namung nderek nganu to
164.	mbak, ajeng labet niku to. Bapake nggarape.
165.	(P) Nek ibu nderek bapak nggeh, ajeng nopo, ajeng lebat
166.	nopo, ajeng ditanemi nopo. Niki ajeng ditanemi nopo nderek
167.	nggeh? Brarti ingkang menentukan bapak nggeh?
168.	(MT) Lha nggeh. Wong ingkang nggarap nggeh tiyang kakung to
169.	mbak. Mboten tiyang setri sing macul, mboten to. Ajeng pari opo,
170.	pari opo, bibit nopo nggeh bapake sing nentukan.
171.	(P) Njenengan namung mendorong? Mendampingi. Menawi

172.	nganu nggeh sedanten ingkang ngerjakke nggeh bapak ya buk? Maksute ingkang pokok ngoten.
173.	
174.	(MT) Nggeh bapak. Ibu namung mbantu-mbantu, matun, kolo-
175.	kolo ngenahi toyo. Mangkeh nek pejah nggeh diilekke. Mangkeh
176.	nek taseh nggeh dianu. Lha nggeh ngoten niku.
177.	(P) Tapi menawi tanemane bapak gagal panen, njenengan lak
178.	nggeh mboten menyalahkan bapak to?
179.	(MT) Ya mboten. Menyadari nek niku memang diparingi bencana,
180.	musibah, cobaan. Nek kados mriki nek mung gagal panen. Nek
181.	liyo daerah niko nek sing bencana-bencana niko lak nggeh. Kados
182.	mriki mung ngeten niki wes maturnuwun. Lha nggeh nek wonten
183.	sing bencana alam, nopo maneh sing banjir niko luwih parah
184.	to mbak.
185.	(P) Nek banjir mboten siso sama sekali nggeh...
186.	(MT) Gagal panen nek siso tikus ra ketang sitik-sitik taseh wonten
187.	turahanne, mangkeh rak ketang 30 kilo nopo 10 kilo mangkeh
188.	teseh bali wineh. Mangkeh mpun mboten enten sing damel maeme
189.	mboten gadah ngoten. Kulo taseh saget bersyukur daripada kaleh
190.	daerah lain sing bencana ngoten taseh saget bersyukur. Nek
191.	mboten ngoten nek ndangak terus nggeh malah loro ati. Mangkeh
192.	malah mboten mantun-mantun, penggalihe niku. Dadose stress
193.	nopo. Wong sakniki nek penggalihe saget dados penyakit to mbak.
194.	Katah-katahe suk enten ngoten niku to. Tiyang stress nopo tiyang
195.	nopo.
196.	(P) Ingkang dipun raosaken nggeh menawi sampun nopo
197.	mawon ingkang sampun diparingi nggeh nganu kok bu nggeh,
198.	teko digawe enteng ngoten nggeh?
199.	(MT) Nggeh, damel sekeco.
200.	(P) Nek mpun ngoten kan malah njug saget memulai lagi
201.	ngoten nggeh?
202.	(MT) Lha nggeh nek nglokro lak malah mboten saget maleh mbak.
203.	Njug nek ngoten mangkeh akhire malah ajeng nganu nopo mbak,
204.	ekonomine kaleh nggen sehari-harine niku, nek mung nglokro
205.	mawon. Kados males to nek mpun ngoten niku.
206.	(P) Nganu nggeh, dadose nggeh menawi bapak nganu gagal
207.	panen ngoten nggeh ibu nggeh saling menyemangati. Ngoten
208.	nopo?
209.	(MT) Hanggeh.. dene rak panen yowes raono sing gawe ngoten to
210.	mbak. Raiso nganu isane gawe. Arep kepriye kabeh raiso nganu
211.	(P) Berarti nek menawi mboten panen niko mboten wonten
212.	pemasukan to buk? Brarti njenengan nganu nganu nggeh bu,
213.	nopo ingkang ngecakake nopo2 kan njenengan to. Nek bapak
214.	kan ngertose pados, mangkeh artone dipun paringaken
215.	njenengan. Pripun carane lak njenengan ingkang ngatur
216.	nikune pripun bu? Le ngatur perekonomian teng keluarga.
217.	(MT) Nggeh ngatur niku nggeh pripun nggeh. Dong nganu nggeh

218.	diirit-irit nek masak, po nopo, sekirane sek ora dituku yo ora
219.	dituku. Sek ditumbas sak perlune ngoten to mbak. Mangkeh nek
220.	nggeh entene gadah arto tumbas lawoh nggeh tumbas lawoh, nek
221.	mboten enten nggeh teko sak anane. Sing penting lawoh teko tahu
222.	tempe, mpun. Ngoten to mbak.
223.	(P) Menawi <i>nrima</i> niku nek njenengan niku selain niki damel
224.	nopo mawon bu? Damel menghadapi nopo mawon selain gagal
225.	panen? Dalam kondisi nopo mawon ngoten misale.
226.	(MT) Nggeh kondisine angger teko damel dolan, nopo damel
227.	pripun nylamur ngoten. Nggeh dolan teng pundi ngoten.
228.	(P) Dalam kondisi kados nopo njenengan niku <i>nrima</i>,
229.	maksude dalam kondisi pas gelo, nopo pas keinginane mboten
230.	terwujut? Ngoten niku lho buk.
231.	(MT) Nggeh padane mboten kecapai ngoten. Ha nggeh pas niku
232.	gagal panen niku. Rasane mung gelo.
233.	(P) Gelo nggeh berarti. Pas nopo mboten sesuai ingkang
234.	diharapkan?
235.	(MT) Padane niki sesuk, ha njug mboten saget sek dituju. Misale
236.	lah riyen sek sekolah niku mpun nate ajeng mbayar nopo tes.
237.	Nggeh nate rak panen, hanggeh diundur maleh. Njug golek ng
238.	nggon Pak like. Ngoten mbaak lak'an. Taseh alit gagal panen
239.	nggeh mpun. Wongsal-wangsul mriki niki mbak. Sing gagal kalih
240.	sing panen niku sok-sok sering sing gagal. Nek tiyang tani niku
241.	mbak.
242.	(P) Prinsipe tiyang tani niku berarti nganu nggeh, usaha.
243.	Usaha terus menawi sampun dipun usahani menawi hasile
244.	ngoten pun diparingaken Gusti. Nenuwun ngoten mawon
245.	nggeh?
246.	(MT) Mugo-mugo paringi panen, nek mpun paringi panen nopo
247.	sing diakarepake. Nggeh nek panen radi tikel ngoten nggeh
248.	mangkeh sebagian damel tumbas nopo. Nopo sing dikarepake
249.	nopo.
250.	(P) Berarti maknanipun nopo nggeh, <i>nrima</i> ngoten kagem
251.	njenengan niku?
252.	(MT) Marakaken kuat ngoten nggeh, kiyat njug memulai lagi.
253.	Ngoten.. sak umpami mboten kiyat nggeh mboten saget labet
254.	maleh to mbak. Mangkeh nek gelo njug dados ngenes, lak nggeh
255.	mangkeh repot maleh to mbak. Ha nggeh nek mboten <i>nrima</i> nek
256.	mangkeh dados gelo mangkeh njug ngenes dadose stress. Nek
257.	mboten stress nggeh dados penyakit nopo types nopo, malah katah
258.	biayane to mba njukan.
259.	(P) Malah njur mboten wonten pemasukan malah tombok
260.	berobat nggeh bu?
261.	(MT) Medal katah nggeh disukuri, mboten medal nggeh
262.	disyukuri...
263.	(P) Disyukuri mawon?

264.	(MT) Disyukuri mawon angger sehat. Wong nggeh petani niku
265.	modale nggeh tenogo nggeh, sing paling pokok niku nggeh. Sing
266.	paling pokok niku nggeh tenogo kuat to mbak nek tiyang tani
267.	niku. Nek mboten kuat ngewangi macul ngoten niko mben dino
268.	panas nggeh mboten kiyat to mbak. Fisike kudu kuat. Neng nek
269.	wong tani kaleh sing tiyang nyambut damele alus-alus malah sehat
270.	sing tiyang tani nggeh. ngeten niko nek sing tiyang alus-alus
271.	malah do penyakit darah tinggi, seng nopo ngoten, kebanyakan
272.	ngoten niku to mbak. Niko mbahe sampun sepuh nggeh taseh
273.	sehat.
274.	(P) Nek pikiran niku tambane niku mboten enten nggeh?
275.	(MT) Makane suk nglerem-ngleremi kaleh bapak, pikirane ojo
276.	sangking nemen-nemen. Wes saiki sing penting teko awake sehat.
279.	Nak saget lak ngoten to mbak. Duwe penyakit suk repot to mbak.
280.	Kados kulo niku riyen mutu teng mriki to mbak. Nggeh taseh
281.	trauma terus. Angger putune gek seneng-senenge, 50 dino beto
282.	mriki, sesasi beto mriki. Dereng nate mriki. Bapake mboten nate
283.	prei. Kulo nggeh taseh trauma kelinganterus niko. Nek dirasakke
284.	yo koyo nek loro. Nggeh nek dinemen-nemenke nggeh malah ra
285.	iso nyambut gawe, ngoten to mbak. Nek nggon penyakit, pikiran
286.	ki sok dados. Teko ngopo nggeh tak gawe luweh sak niki mawon.
287.	Bocah iki wes nang kono wes ono sing ngopeni yo wes. Nek
288.	pikirane nemen kados mbake niku lak njug nganu to mbak. Repot
289.	malah. Damel gendulan nggeh mbake nggeh. Saking putro niku
290.	jalarane. Hanggeh nek pikiran nggeh ngoten niku. Angel nganune.
291.	Le nglerem-ngleremi yo wes rak sah dipikir rak sah dinganu, meso
292.	mboten saget to mbak. Mboten ical mbak.
293.	(P) Nek mboten bener-bener diiklaske. Mboten wonten obate
294.	ngoten?
295.	(MT) Mongko sing dipikir bocahe selot ngoten selot ngoten, kan
296.	soyo tambah to mbak ngoten niku. Nek saget mareni... Nggeh
297.	niku mbak, penggalih kados niki to. Gagal panen nek dipikir
298.	nemen-nemen, lak kados ngoten niku lak tambane angel to mbak.
299.	Nrima ngoten niku paling. Angger awake paringiri selamat sehat,
300.	gawe maleh pie carane lak ngoten too mbak. Nggeh mugo-mugo
301.	awake dewe diparingi kesehatan, waras mawon. Wong sak niki
302.	kathah-kathahe lak penggalihhe tingi, tensine inggil dados stroke.
303.	Gampil ngoten sakniki niku ngoten. Jenenge anak, nggeh niku nek
304.	dipikir malah nganu kiyambak to mbak. Nek jenenge mikir anake
305.	sekolah rung rampung, lak njug penggalihhe ngoten niku. Jenenge
306.	ngoten niku lak sesuk mbaleni maleh lah pikiran maleh ngoten iku
307.	mbak. Wes wiyata 7 tahun, niku sekolah teng niku langsung
308.	wiyata. Malah sakniki rampung wiyata malah nggelani
309.	(P) Ajeng ngarahke wong sing dikarepke anak kok?
310.	(MT) Ha nggeh sing dicita-citai. Cita-citane nek mriko kan nggeh
311.	guru, pendidik to jane mbak niko. Lha niko malah kok sakniki

312.	jipuke nang Indomaret. Rak kuliah to mbak, SMA mawon saget.
313.	Gek SMP mawon saget to ngoten iku. Lha nek kuliah waune
314.	jurusane ajeng mendet nopo, waune teng guru nopo lak mpun
315.	enten nganune to mbak.
316.	(P) Nek mboten sesuai cita-citane emang marakke gelo nggeh
317.	bu nggeh?
318.	(MT) Lak njug gagal to niku. Neng nggeh ngapunten kaddos
319.	mbenjeng saget diterusake nopo mboten ngoten niku mbak? Neng
320.	biasane nek mpun ngoten iku njug males nggeh mbak nggeh, nek
321.	Feri niko pengenne nyambut gawe, nyambut gawe nek SMA
322.	paling yo neng pabrik. Nggeh ajeng milih ndung mboten saget to
323.	mbak. Nek medal Universitas lak saget. Nggeh sekolah ki tambah
324.	pikiran, mumet nggeh mbak nggeh. Tanduran niku kados putro,
325.	jane malah ngluwihi mbak. Nek bayi, nek taneman niku. Lombok
326.	niku wit ceblok, mangkeh diweni terus, panjangi, panjangi mawon
327.	taseh enten nopo niko. Terus pendak esuk nileki terus. Ngluwihi
328.	putro. Putrane kadang men esuk gak mesti di elus-elus.
329.	(P) Nek putane bar tangi turu teko dinengke wae. Malah
330.	tinggal lungu teng sawah nggeh?
331.	(MT) Kados pantun barang mbak, pendak esuk nggeh dileki.
332.	Sagete tani ajeng nopo malih mbak.
333.	(P) Kadang suk nek mboten diitung, wedine nek pas gagal
334.	njug nggelani nggeh buk?
335.	(MT) Nggeh umpami mpun gagal trus tanem maleh nggeh suk
336.	mbayangke nek ngasi kliwat njug sesuk pie. Wongsal wangsul
337.	mriki gagal panen mbak. Kulo piyambak wonten nek peng 10.
338.	Duaribu pinten niko.
339.	(P) Niki mangkeh ajeng ditanemi nopo maleh sek nginggil
340.	niko?
341.	(MT) Soto. Sepaleh mboten kiyat. Nek peng kalih niki to mbak
342.	mbenjeng suk umpami pantun niku mesti mboten panen mbak.
343.	Nggeh 50 persen niku. Sepaleh pantun sepaleh soto. Nek soto
344.	sedoyo mboten kiyat. Nggeh mangke nek enten sek karep
345.	ditanduri lombok, nopo terong maleh niku dikeringke niku mbak.
346.	(P) Mboten kiyat niku mahal bibite niku nggeh?
347.	(MT) Nggeh biayane, perawatane juga. Nggeh nopo mbak. Nek
348.	ngarani tiyang tani niku rekoso. Ben dinno teng sabin pepanas,
349.	mangke masane jam 8 mpun ngelih, kudu isuk mpun mateng to
350.	mbak. Haggeh jam 5 mpun tangi mangke nek lego nggeh tak kirim
351.	nek mboten nggeh mboten. Mangsane jam setengah 9 jam 8 lak
352.	mun mulai nganu to mbak teng sabin. Hanggeh Gasik, lebar
353.	subuhan mangkat. Paling nggeh wong tani niku nek sampek gagal
354.	panen niku raose ncen loro tenan mbak.
355.	(P) Nek garwo mboten nderek ndukung ben nganu nggeh
356.	malah dados gak karuan nggeh bu?
357.	(MT) Hanggeh repot mangkeh, nek mboten dukung, mboten,

358.	ngantos. Mboten bersyukur raose. Mangkeh akhire njug musuh-
359.	muauhan, umpah-umphan ngoteniku to mbak. Mpun nate gekan
360.	kulo kaleh bapake umpah-umpahan, tp nggeh ngalah salah
361.	setunggal. Ah yowes. Heheh.. nggeh ngoteniku gek mboten panen,
362.	tanemi nopo. Ha yowes gek disudo rejekine. Nggeh mpun ngoten
363.	niku pupuse. Tiyang estri niku kudu saget leh ngegohke. Kudu
364.	cukup, ngge sekolahe ngge sehari-harine. Ngoten to. Mangkeh
365.	damel pirukunane. Neng nek enten sing mboten nrima njug niku
366.	mbak damel tuku nganu rak dituku-tuku, marai ngoten niku.
367.	Nggeh niku sok. Kados ibune njenengan sak perlu kebutuhan
368.	sekolah nopo sehari-harine, nek wonten keluwihane njug damel
369.	nopo, ngoten to. Nabung, nopo nek teng kota perhiasan sing
370.	dinganu.
371.	(P) Nggeh berarti peran istri niku nggeh dados menawi bapak
372.	pinten-pinten angsale menawi ibu sampun nrima lak dados
373.	malah ayem keluargane ngoten buk?
374.	(MT) Nggeh sekeco ayem dadose nek nrima niku. Mboten kok
375.	arek gusur kemawon to mbak. Nek kurang terus mangke akhire
376.	nggeh do gusur mawon, kerengan niku mawon. Dirungokke
377.	tanggane nggeh mboten penak. Kulo niku omah-omah kaleh
378.	bapake muni gera-gero padu niku mboten tau. Rak tau misale
379.	umpah-umpahanan. Paling grenengan nggeh teko empun mangkeh
380.	tak enengake nggeh mari dewe. Biasa maleh.
381.	(P) Menawi nganu, gagal nggeh entene semonten lak
382.	diparingake semonten nggeh? Nek ibu mboten nompo nggeh
383.	pripun wong entene semonten to?
384.	(MT) Hanggeh, wong tani niku geh sagete mung ngoten, mung
385.	gawe teng sabin. Tapi nggeh niku nek gagal panen nggeh rasane
386.	loro tenan. Ngrasakke kebetehane, damel sangu maleh niku to.
387.	Nggeh tiyang tani nggeh katah-katahe ngoten niku. Sampek golek
388.	utang-utangan. Ha nek utang iku sesuk nek awak dewe panen ngge
389.	bayar utang wae. Ngoten niku to mbak paling nek ngantos kliwat-
390.	kliwat. Nek mboten gagal panen sok yo enten tirahane, mangkeh
391.	damel nopo. Mangkeh nek payu tebasan nggeh tebasake nek
392.	mboten nggeh sebagian ngge liwet sebagian didol disade dinganu
393.	ngoten. Mriki niku mboten mung pantun mawon. Saget diolak-
394.	aluk. Lombok, soto. Medale nek kalih pantun tikel nek soto. Tapi
395.	soto niko rak dadi pajeng 3 mbak. Kaleh nggen kulo riyin niku
396.	pajeng 8. Nggeh nek soto kaleh pantun nek podo dene payu nggeh
397.	menang keringe. Tapi nek gagal nggeh rak dadi kabeh. Kados
398.	lombok nek pajeng arek nandur opo, waloh. Sak niki palawija sek
399.	pajeng to mbak, tomat niku sakniki nggeh sae regine patangewu.
400.	Neng ngge dadose niku sing mboten apik sakniki. Tomat kriting-
401.	kriting kados lombok niko. Nggeh panci jane sing gampil taneman
402.	niku nggeh pantun. Tur ngge gampil le sade bahan pokok. Tanduri
403.	lombok gak duwe beras nggeh ge nempur to mbak. Ge tumbas

404.	beras ngoten. Lha nggeh nek ngarani wong tani nggeh nngoten
405.	niko. Nek duwe cita-cita anak nek iso mboten neng nggon tani,
406.	neng sing tuwo are ngopo nek rak ng sawah. Mboten sami purun
407.	to mak lare sakniki-sakniki nyambut gawe pepanas dute rak
408.	mesti, gek metu ngenteni telung sasi. Nek angger buruh-buruh kan
409.	pendak bulane angsal. Nek dibayangke niku..
410.	(P) Oh... nggeh ngoten niku to buk. Emmm... kadose sampun
411.	cekap niki. Ngoten mawon riyin buk, manawi mangkih kirang,
412.	kulo sowan mriki malih nggeh...
413.	(MT) Halaah.. mbok enggeh mbak. Teko dolan mriki mawon.
414.	(P) Nggeh buk, hehehe... matur suwun sanget nggeh.
415.	(MT) Nggeh mbak, hehe...

Verbatim Wawancara

INFORMAN SG WAWANCARA 1 (KODE: SG: W1)

Lokasi Wawancara : Rumah Informan
 Tujuan Wawancara : Building Raport
 Jenis Wawancara : Tidak terstruktur
 Hari/Tanggal : Sabtu, 04 Januari 2014
 Jam : 15.15 – 16.00
 Keterangan : (P) Peneliti
 (SG) Informan SG

No.	Hasil Wawancara
1.	(P) Kulonuwun...
2.	(SG) Nggeh...
3.	(P) Hee pak..., niki ndak leres kalian pak Gito?
4.	(SG) Nggeh, Pripun?
5.	(P) Nggeh pak, kulo Melani pak. badhe kepanggeh njenengan.
6.	(SG) Oh.. Nggeh monggo-monggo mlebet riyin mriki mbak.
7.	(P) Nggeh pak matur nuwun...
8.	(SG) Monggo pinarak, pripun to?
9.	(P) Hehe.. Nggeh pak. Ngeten, kulo Melani pak, saking Jogja.
10.	Ngapunten nggeh nganggu sorenipun panjenengan. Kulo niku
11.	critane saweg skripsi ngoten. Lajeng ngapunten badhe
12.	ngrepoti njenengan niki, menawi purun kulo nyuwun tulung
13.	pak Gito badhe kulo wawancarai terkait pengalamanipun
14.	dalam bertani ngoten....
15.	(SG) Oalah... sek skripsi ngoten niki niku njenengan mbak? Nggeh
16.	monggo ajeng ditakoni nopo kulo? Nek saget tak jawab nggeh tak
17.	jawab, nek mboten nggeh goleki dewe nggeh.. hehehe
18.	(P) Hehe.. nggeh pak, mangkih pertanyaane niku seputar
19.	pengalamanipun njenengan kok, namung kados cerito ngoten
20.	lho pak. Mboten sing teori-teori.
21.	(SG) Oh nggeh.. nggeh.. lha niki kok saget ngertos kulo?
22.	(P) Nggeh pak, kulo sampun berkali-kali kepanggih pak
23.	Riyono kelompok tani niko. Lajeng nate onten forum kalian
24.	pak Lurah, jadinya sudah punya data mengenai nama-nama
25.	petani wonten mriki ngoten...
26.	(SG) Ooo... ngoten, lha niki kabeh se-Bagusan nopo pripun?
27.	(P) Mboten pak, namun Pak Badi, Bu Iskanah, lajeng
28.	njenengan niki. Tak acak kok pak.
29.	(SG) Ooh pak Badi mriku niku?
30.	(P) Nggeh pak...
31.	(SG) Nggeh nggeh...monggo ajeng tanglet nopo?
32.	(P) Nggeh pak, mungkin janji mawon riyin nek'e nggeh
33.	pak. Njenengan sekeco, kulo nggeh ben siap riyin ngoten.

34.	Soale niki kulo saking pak Badi njug mpun rodo kesel barang niku to...
35.	
36.	(SG) Nggeh monggo kerso, ajeng kapan njuran?
37.	(P) Nek ngenjang njenengan ting sabin pak?
38.	(SG) Ha enggeh to nek esuk, nek pas rolasan niko yo ting omah.
39.	Mengkeh bar luhuran njuk mangkat meneh. Lha priye arek ketemu
40.	nang sawah wae po mbak?
41.	(P) Nggeh mboten nopo-nopo, pundi pak sabine njenengan?
42.	(SG) Niko teng Kranggan sek sedake pak Badi niko to, njenengan
43.	mesti liwat sawahe kulo nek ajeng ting sawahe pak Badi. Njug
44.	mriko niko kidul cedake sawahe pak Riyono. Njuk ngandap mriku
45.	niku.
46.	(P) Wah nggeh kathah nggeh sabine njenengan?
47.	(SG) Wong sawah le maro kok mbak.. hudu nggon dewe, nek
48.	nggon dewe mono wes kepenak.
49.	(P) Lha pinten e pak luase sedanten niku? Wonten setunggal hektar mboten?
50.	
51.	(SG) Mboten kok ming limang kesuk niko sek ting kranggan. Nek
52.	kidul mriku kalih ngandap niko nggeh rong kesuk kayane.
53.	(P) Emmm... lha sakniki saweg ditanemi nopo pak?
54.	(SG) Pari niku to mbak, sek kidul niko lebar tak lombok, njug
55.	durung tak kapak-kapakke meneh. Wong iseh sok metu lombokke
56.	ra ketung sitik.
57.	(P) Sae pak panenane?
58.	(SG) Yo lumayan mbak, tapi metune ra koyo nek pas musim
59.	terang niko. Nek ngene ki lomboke sok do cepet bosok. Njug nek
60.	dijual ke regane sok ra apik.
61.	(P) Oh... nggeh tapi mboten kenging hama to pak? Mboten gagal panen ngoten?
62.	
63.	(SG) Nek lombok ki riskan mbak, ono-ono wae penyakite niku.
64.	Mangkaknen nek wes penyakiten angel tambane. Mugakno nek
65.	keno penyakit sithik wae wes geger le arek nyemprot. Yo ojo
66.	nganti gagal kok, pie carane.
67.	(P) Nggeh dadose awis nggeh pak, wong perawatan taname mawon mahal. Nek padine pripun?
68.	
69.	(SG) Halah podo wae. Ngesuk melu nang sawah wae mbak ben
70.	weruh dewe koyo ngopo parine.
71.	(P) Oh.. mbok enggeh. Ngenjang njenengan tindak jam pinten?
72.	
73.	(SG) Ha nek kulo yo gasik mbak.
74.	(P) Njug pripun pak? Nopo kulo diancer-anceri mawon?
75.	(SG) Ha wes tau nang sawahe pak Badi dereng?
76.	(P) Nggeh sampun pak.
77.	(SG) Lha kono kae, cedak kono. Tak kei nomerku wae. Engko
78.	njenengan nek wes tekan kono telpon ya.
79.	(P) Oh.. nggeh ngoten nggeh mboten nopo-nopo.

80.	(SG) Nya kiye dicatet neng kene, njug engko dimisscall.
81.	(P) Nggeh pak, pundi. Sampun niki nggeh pak. Kulo namai
82.	melani nggeh ting kontak.
83.	(SG) Nggeh...
84.	(P) Emm... ngoten riyin mawon mungkin pak. Niki kok kulo
85.	mpun kesel banget. Tak pamit wangsul riyin pak. Ngenjang
86.	kulo mriki malih.
87.	(SG) Ha mbok kosek, kesel le ngopo to mbak?
88.	(P) Wau niku ket esuk sampun teng sawahe pak Badi, njuk
89.	awane niku wawancara kalih pak Badi ngoten. Njuk mriki
90.	niki..
91.	(SG) Oalah yo...
92.	(P) Nggeh mpun ngoten riyin mawon nggeh pak. Matur
93.	nuwun pak sampun purun kulo repoti. Heheh...
94.	(SG) Nggeh mboten popo kok mbak.
95.	(P) Monggo pak, pareng riyin..., assalamu'alaikum.
96.	(SG) Nggeh walaikum salam...

Verbatim Wawancara

INFORMAN SG WAWANCARA 2 (KODE: SG: W2)

Lokasi Wawancara : Sawah Informan
 Tujuan Wawancara : Mengetahui kegiatan informan
 Jenis Wawancara : Tidak terstruktur
 Hari/Tanggal : Minggu, 5 Januari 2014
 Jam : 09.10-10.15
 Keterangan : (P) Peneliti
 (SG) Informan SG

No.	Hasil Wawancara
1.	(P) Pak...
2.	(SG) Eeh... wes mau mbak?
3.	(P) Dereng, wong nggeh lagi dugi mawon kok. Njuk madosi njenengan niku. Sek nopo pak njenengan?
4.	(SG) Kiye nileki banyu... nek pari lak banyune kudu di kontrol terus to mbak.
5.	(P) Oh.. ha enggeh, kedah teles terus to. Caket saking dalan nggeh sabine njenengan?
6.	(SG) Iyo kiye mbak. Lha kok iso ngerti aku nang kene?
7.	(P) Ha nggeh tanglet-tanglet to pak.
8.	(SG) Oh.. yo pinter. Hehe...
9.	(P) Heheh enggeh lah, wes gede kok. Hehehe... Eh pak lah niki keng nopo kok parine di ting cringgeh-cringgeh?
10.	(SG) Hahaha haiyo opo gunane disekolahke ya, nek ming nggoleki uwong wae raiso.
11.	(P) Heheh ha enggeh to pak. Niki keng nopo to?
12.	(SG) Kiye? Pangan uler to... kongene kiye njug'an.
13.	(P) Ha pundi ulere kok mboten ketok pak?
14.	(SG) Yo wis tak semprot kok. Tapi yo pancen ra ketok, soale umpetan neng njero batang.
15.	(P) Pundi to pak tak ngertos.
16.	(SG) Sek.. nah kongene kiye lho...
17.	(P) Hah cilik mbanget nggeh, ra ketok. Ko ngeten niki tekone saking pundi to pak?
18.	(SG) Nek uler ke asale seko opo jal?
19.	(P) Kupu-kupu...
20.	(SG) Haiyo kuwi, maune ki akeh kupu njug kupune ki do ngendog nang wit pari, njug netese dadi uler to. Njug mangani godhonge ngene iki.
21.	(P) Oalah... ngoten. Pas kathah kupu mboten disemprot nopo?
22.	(SG) Yo uwis.... ning lak yo ono sek luput to mbak...
23.	(P) Enggeh ding. Nek uler ngeten niki marakke gagal panen mboten pak?
24.	
25.	
26.	
27.	
28.	
29.	
30.	
31.	
32.	
33.	

34.	(SG) Yo ora, tapi marakke le tumbuh ra maksimal ngono. Nek le
35.	nangani sejak dini yo ora ngasi parah. Nek iki ki wong kasep kok
36.	le konangan ki.
37.	(P) Nggeh... lha sek marakke gagal panen niku nopo pak?
38.	(SG) Tikus to, jan kene ki dadi langganan tikus e. Yo mugo-mugo
39.	wae sek saiki diparingi panen.
40.	(P) Emm... tikus nggeh pak, nek walang sangit pripun pak?
41.	(SG) Sek keno walang sangit ki sawah ngisor kae...
42.	(P) Enggeh nopo pak? Lha nek awan ngeten niki ketok
43.	mboten walange?
44.	(SG) Keto pora ya, wong bar tak semprot. Menowo wes do mabur
45.	barang. Hehhe... Ha arek weroh po mbak, njo nek arek weroh sek
46.	kono.
47.	(P) Hehehe mboten nopo-nopo nopo pak? Njenengan lak sek
48.	nganu to...
49.	(SG) Ora popo wong ra gek ngopo-ngopo kok. Njo saiki wae
50.	wong wes mendung, menowo bariki arek udan mbarang.
51.	(P) Oh mbok enggeh..
52.	(SG) Engko mampir omah sek wae, sarapan sek njo... menowo
53.	makne wes matengan. Rung maem to?
54.	(P) Halah sampun, langsung mawon. Turene ndak selak
55.	jawoh?
56.	(SG) Ha iyo, yo tetep kudu mampir omah. Pite tinggal omah wae
57.	njug mlaku. Wong angel dalane ki.
58.	(P) Nggeh pak.. siap pokoke. Hehehe..
59.	(SG) Haha njo...
60.	(P) Nggeh nggo..
61.	(SG) Wes parkir kene wae. Njo nek arek langsung...
62.	(P) Nggo pak..
63.	(SG) Ngati-ati dalane lunyu tur akeh pacet.
64.	(P) Pacet sek nyedot detih niku pak?
65.	(SG) Hiyo.. mugakno ngati-ati.
66.	(P) Nggeh... njenengan mboten prei pak? Niki kan minggu.
67.	Hehhe
68.	(SG) Yo nek petani ki ra ono preilah. Emange cah sekolah.
69.	Heheh... lha kiye mbak sawahe...
70.	(P) Ohh mpun gede nggeh tanemane, mboten kados sek teng
71.	Kranggan niko. Lha pundi walang kok mboten ketok?
72.	(SG) Uwis, kongene kiye jenenge mratak. Sek-sek, biasane sih,
73.	nek pas liwat sok mak byuk do mabur. Kuwi dipiyak sek rodok
74.	tengah njajal...
75.	(P) Nggeh, eh niki kados niki nopo pak? Cilik niki po?
76.	(SG) Lha ngono kui, yo nek walang sangit ki pancen silik ora koyo
77.	walang kekek to yo...
78.	(P) Heheh.... enggeh pak, kulo tosi nggeh segede niku.
79.	(SG) Yo ora kok...

80.	(P) Ha nek walang sangit ngeten niki merusak tanamane pripun carane pak?
81.	
82.	(SG) Walang sangit ki senenge nang nggon tanduran sek lagi mratak. Dadine bulir padine kan urung isi, nek dibuka iseh cair putih koyo susu kae to. Njug disesepi ngono. Lha nek disesepi kan njug kurang ngono isine. Dadi njug cilik-cilik bulire, kadang ono sek gabug barang. Ngono...
83.	
84.	
85.	
86.	
87.	(P) Tapi mboten ngantos gagal panen nggeh pak. Dereng onten sek mengalahkan rekor tikus to pak ingkang ngrusak tanaman?
88.	
89.	
90.	(SG) Ho'o.. ora nyampe gagal panen. Ming mengurangi wae. Tapi nek kurange okeh yo kojur to yo. Nek tikus ki pancen wes kewalahan tenan le ngatasi arek kudu pie. Ealaah yah mene wes tletik, njo nang omah wae ndak kudanan engko sampean.
91.	
92.	
93.	
94.	(P) Heheh mboten nopo-nopo jane pak. Ming nek njenengan ajeng kondur nggeh enggo. Njenengan lak ajeng sarapan to pak. Kulo tan pamit sisan mawon.
95.	
96.	
97.	(SG) Sarapan sek njo mampir omah kok. Ngopo to kok kesusu ke?
98.	(P) Hehe nggeh mangkih dalu mawon to pak kulo lak ajeng sowan njenengan malih. Mangkeh dalu enten acara mboten pak?
99.	
100.	
101.	(SG) Ora ono kok...
102.	(P) Nggeh mpun kulo mangkih tak mriku nggeh...
103.	(SG) Yo, sms opo telpon yo nek arep rene.
104.	(P) Nggeh pak.... nggeh mpun pak tak pareng riyen. Monggo pak...
105.	
106.	(SG) Yo kono, ngati-ati ya...

Verbatim Wawancara

INFORMAN SG WAWANCARA 3 (KODE: SG: W3)

Lokasi Wawancara : Rumah Informan
 Tujuan Wawancara : Penggalan data
 Jenis Wawancara : Semi terstruktur
 Hari/Tanggal : Minggu, 05 Januari 2014
 Jam : 19.34 – 30.50
 Keterangan : (P) Peneliti
 (SG) Informan SG

No.	Hasil Wawancara
1.	(P) Pripun pak tanenane? Sae?
2.	(SG) Nggeh panen tapi mboten sae, tapi itungane gagal lah mbak,
3.	50% npo nggeh, ming mboten total.
4.	(P) Engkan pundi pak sek sing parah gagale?
5.	(SG) Mriko-mriko sik ting kranggan, sak kilene Kranggan seng
6.	radi parah.
7.	(P) Niku tahun pinten pak menawi gagal panen?
8.	(SG) Emm...kalih tahunan nggeh, masalah gagal panengniku
9.	nggeh tergantung kaleh bibit. Bibit sek gabahe memanjang niku
10.	katah-katahe gagal panen.
11.	(P) Oh.. bibit nggeh, pancen bibit niku permulaan gagal panen
12.	kok nggeh?
13.	(SG) Lha enggeh to mbak, bibit niku asal mulane dun-dunan
14.	saking pemerintah, dadi winggi niku diduni saking pemerintah,
15.	bibit 64 niku, pun sami trauma. Do wegah jipuk soale sampun
16.	peng kaleh do gagal panen. Wet tandur penyakite niku nek dari
17.	tanam sampai 60 hari niku apek, tapi mangkih nek mulai 60 hari
18.	keatas daun-daun makin kering-kering do keno kresek, sebabe pari
19.	dereng mratak daun sampun keserang omo. Sampun kering niku
20.	dadose. Padahal taneman niku makane teng daun, mulute. Lah
21.	niku mulute kengen omo kan mboten saget mangan.
22.	(P) Berarti taneman niku engkang paling saget diamati niku
23.	daun nggeh, menawi daun sae kemungkinan tanenam sae
24.	ngoten?
25.	(SG) Ha nggeh.... nek batang nggeh jarang, nameng seng sering
26.	marakke gagal niku tikus. Gejawi tikus niku, sampun kerep malah
27.	gagal 100% mpun nate. Mboten panen 100% niku nate.
28.	(P) Oh... 100%, dalam luas lahan sepinten niku pak?
29.	(SG) Nggeh sepinten nggeh, hampir setengah hektar nopo nggeh,
30.	tapi wong mboten deweki kok. Jan-jane niku kan saget panen dua
31.	kali. Sek sekali panen, lajeng tanem maleh. Lha tanduran sek
32.	kedua niku gagal mergo tikus, ngoten.
33.	(P) Oh... ngoten to, lajeng?

34.	(SG) Wong nek ningali tanduran niku, sampun serempak nggeh
35.	sampun serempak lho. Tapi nggeh mboten saget teratasi nggeh,
36.	nek wedal sakniki niki tikus nggeh enten namung mbing sekedik.
37.	(P) Njenengan niki sampun bertani sejak kapan?
38.	(SG) Nggeh sampun ket lebar sekolah guru niko, kulo lek mulai
39.	macul niku ket ono bojone. Riye PGA tapi mboten rampung.
40.	(P) Menaawi sepengamatane njenengan, rumiyen jaman
41.	simbah bertani kaleh sekarang niki permasalahanane tanaman
42.	enten bedane mboten?
43.	(SG) Nggeh kulo niku menawi riye nggeh sering panen, saat niki
44.	mawon seng sering gagal.sakniki niku petung tanaman kaleh bulan
45.	pun mboen cocok, mboten kados mbiyen petung titimongso,
46.	sakniki mboten kango, nek mbiyen petung bulan niki tandur nggeh
47.	pas mangsane, petung panen nggeh pas panen tepat nggaten
48.	pitunge, nek sak niki mboten saget bulane nglantur-nglantr soale
49.	tergantung kaleh toyo to. Nek riye mongso panen niku mongso
50.	terang to. Akhire sakniki niku nuruti udan to, trus pas tanam gede,
51.	tikus pun sami teko,
52.	(P) Berarti bibit pengaruh mboten?
53.	(SG) Bibit nggeh pengaruh,nek mbiyen kan bibit milih kiyambak
54.	saking bibit sek apek, mboten saking pemerintah, riye kan
55.	ngusahake nggolek bibit, diamati sek paling duwur mangkeh niku
56.	dipetik, dideweake didadekke bibit winih, saking pemerintah niku
57.	bibite sekali dua kali taseh apek, nameng nek pun tiga sampae
58.	empat kali sampun maleh, nek riye istilahe pari tengeran niku
59.	damel bibit, tapi konsisten ajeng ngoten hasile mboten berubah,
60.	nek sakniki pun hibrida kok nggeh, taneme mawon taseh
61.	tradisional.
62.	(P) Awet Bimas & Inmas niku nggeh pak?
63.	(SG) Enggeh awet niku kan njuk kabahan kimia, pupuk kimia
64.	mulai masuk niku nggeh mulai masuk bibit-bibit saking
65.	pemerintah, dan niku suwe-suwe pancen suloyo, nek riye wong
66.	radisional nggeh mboten katah biayane, sakniki sue-sue kok
67.	tambah abot to niku bahan-bahan tanam. Nopo maleh sakniki
68.	subsidi sampun dicabut, pupuk semakin mahal nggeh semakin
69.	abot to niku, urea niku awes, wong subsidi dicabut niku mawon di
70.	jatah per kelompok tani, nek seng mboten tumut nggeh repot. Nek
71.	sak hektar niku ditaksir bibit 30 kg, nah saking kelompok tani niku
72.	angsal 6 kantong,
73.	(P) Niki berarti njenengan ngagem kimia terus nggeh?
74.	(SG) Ha, enggeh to mbak, sampun mapan kok nggeh. Jane nggeh
75.	rodo binggung mbiyen ken mbeto kimia, mbanan sakniki kan
76.	program pemerintah ken ngango organik,
77.	(P) Rumiye sanget lak malah ngagem organik to pak?
78.	(SG) Lha enggeh, tapi jenenge kie huduk organik ya mbiyen.
79.	Mbeng lemi ngono wae. Tapi nggeh gampang kimia.

80.	(P) Engkang paling mahal biaya produksi niku nopo?
81.	(SG) Nggeh mahal sedanten, nanging sek paling utama niku
82.	tlaktore kaleh pupuke,
83.	(P) Sakniki mboten enten bajak mbeto sapi nopo pak?
84.	(SG) Mboten enten mbak, pun mboten enten enten, jane nggono
85.	apek nggowo sapi tur murah barang,
86.	(P) Berarti nek menawi biaya tanam niku mahal, menawi
87.	gagal panen penghasilane saking pundi njenengan?
88.	(SG) Nggeh kadang, mriko gagal sawah mriki panen. Wong
89.	mboten bareng sek tanam nggeh diirit-irit mawon lek mangan niku
90.	to. Nek mboten nggeh nanem garingan niku to, lombok ngoten.
91.	(P) Nek panen niku hasile di sade sedanten pak?
92.	(SG) Ha enggeh to, wong gawe nyarutang niku to, nggeh sepaleh
93.	dosade sepaleh di maem kiyambak, nggeh sek pokok niku
94.	nyarutang, nopo njenengan ajeng ngutangi, hehehehe.....
95.	(P) Hehehehe....Mboten gadah duit kulo pak. Menawi mboten
96.	panen niku kan trus mboten gadah penghasilan. Lajeng
97.	engkang kagem nyarutang niku nopo?
98.	(SG) Lha tiyang kan diparingi akal to mbak, nggeh piye carane
99.	ben iso bayar utang to, nggeh sering mboten saget nutup utang
100.	kados winggi niko, nanem soto mboten medal ha niku ragate
101.	sampun telas seyuto, nek mboten medal kan mboten bali modale,
102.	haniku mangkeh njuk nambah utang, nek mboten saget nggeh
103.	pados dana liyane.
104.	(P) Saking pundi pak?
105.	(SG) Nggeh pundi-pundi mbak, Bank nopo teng simpan pinjam
106.	RT niku, endi sek oleh pokoke, kelompok tani nopo niku nggihan.
107.	Mangkih nek due barang saget mlebu teng Bank. Teng bank
108.	mawon kiro-kiro taseh terjankau.
109.	(P) Menawi gagal panen niku njenengan ngraosaken
110.	kepripon? Sebagai nopo ngoten?
111.	(SG) Rasane niku sampun males to. Wong mboten dikehendaki
112.	kulo. Gelo to, teng sawah niku rasane nggeh pun males to.
113.	Ngelingi biayane sek laboh niku. Monggko dijagake kok mboten
114.	panen, mongko bisane nek arep panen kudu dilabohi meneh,
115.	ngetokke biaya meneh, mongko niku kedah ono, nek mboten
116.	mangkeh sawahe bero, nek wes bero malah ditanduri malih malah
117.	angel.
118.	(P) Reaksi pertama kali preso tanenane kepripon ?
119.	(SG) Teng pikir niku to rasane nggeh loro, nggeh pun gelo to
120.	nyawang niku, pikirane wes ra karuan nyawang tandurane sek do
121.	ambruk niku, sami gabug kan mboten isi, pikirane niku kan nggeh
122.	pun werno-werno to,
123.	(P) Pikirane njenengan engkang werno-werno niku nopo
124.	mawon pak?
125.	(SG) Nggeh mrika-mriki nggeh masalah kebutuhan to. Wong niku

126.	wes dijagakke kok ora panen, kebutuhane mangkih nggeh mangan
127.	pirukunan ragat sekolah ka mongko niku pokok kabeh, sekolah
128.	nek ora bayar yo ora iso sekolah, mangan nek ra mangan yo rakuat
129.	lesu. Tapi Alhamdulillah menawi pari mboten panen njug
130.	mangkeh nandur garingan nopo lombok, nopo terong damel nutup
131.	sek liyo, nggeh kabeh niku InsyaAllah enten sek Kuoso sek
132.	ngatur, nek kene ra panen mengko sek liyane panen, selama iseh
133.	urip, iseh diwenehi rejeki, nggeh pasrah nggeh kaleh usaha ngoten.
134.	(P) Menawi gagal panen dimaknai sebagai nopo?
135.	(SG) Menawi gagal nggeh pasrah kaleh <i>nrima</i> mawon, wong
136.	sampun ditangulangi nganngge obat-obatan nopo, nggeh sampun
137.	dusahani sak mampune, paling-paling dinengke mawon njuk
138.	mangkeh digarap maleh.pasrah niku nggeh pasrah kaleh sek
139.	ngawe urip. Mugi-mugi diparingi kuat ngoten, arek paringi kuat
140.	nopo mboten.
141.	(P) Berati nek bisa ditanyakan, njenengan niku nrima mboten
142.	pak?
143.	(SG) Nek sarate iso omong-omongan ngoten nggeh mboten nrima
144.	nggeh, sami protes to. Hehe... menowo isoh omong-omongan
145.	kalih sing kuoso ngoten to kok kados ngene to. Misale mergo
146.	tikus, riyin mpun onten sek nyobi teng sawah niku pancen niat
147.	ngungak tikus, tikus koyo ngopo. Tiyang teng sabin niku wedi
148.	kok onten tikus niku. Lha saking okehe tikus kok, ewon. Kadang
149.	niku to, wong niku istilahe mboten tikus asli. Kadang teng mriko
150.	sok onten sek njogo, onten sek angon ngoten corone. Berupa
151.	uwong-menungso tapi bentuke gede duwur ngoten nggeh saget.
152.	Kadang ono suworo ora ono rupo. Kadang arep bali tapi ra iso
153.	bali. Kongoten niku lak marakke wedi.
154.	(P) Niku berarti diluar kendali manusia ngoten?
155.	(SG) Nggeh... kadang enten sek nekat arep ngenteni ting sawah.
156.	Sengojo methukke ngoten, nggeh saget mawon ditemoni. Nggeh
157.	kasarane, carane niku sek angon ngoten. Pancen ngoten niku sek
158.	dikersakke kok, yo dipenging ra gelem to. Nek meso malah
159.	dewekke sek kalah ngoten coro wani.
160.	(P) Akhire onten sek wani pak?
161.	(SG) Nggeh mboten onten. Do teko do wangsul. Nek niku ke
162.	tikuse namung ngrusak. Lha nek dipangan ki kan karuan ora ono
163.	barange. Lha ming ditugeli mawon kok wite niku. Dicacahi
164.	mawon, ditugel bongkote njuk mpun... nyacah-nyacah niku saking
165.	okehe tikus.
166.	(P) Niki enten hubungane kalih mistis pak?
167.	(SG) Nggeh saget ugi niku.
168.	(P) Selama niki nate diikhtiari nopo kagem ngusir sek mistis
169.	niku?
170.	(SG) Nggeh mpun nate, tapi nggeh taseh mawon kongoten kok
171.	nggeh. Teko pasrah mawon, wes ra isoh ngoten mawon. Wes ora

172.	wani. Riyin enten ingkang ikhtiari, diwacakke nopo ngoten kalih
173.	ngubengi sawahe niku, tapi pas rampung niku teko onten sek teng
174.	mburine mak bedungus ngoten e. Terus piyambake wangsul wong
175.	wedos to. Njuk enten suoro, “wes bali wae ramak ditunggu”.
176.	(P) Ning niku wonten ting setiap sabin nopo pripun to pak?
177.	(SG) Nggeh mboten, nanging kan njuk do ajeng ngeleki ting
178.	sawah niku njug mboten wani gara-gara katah ingkang cerito
179.	ngoten niku.
180.	(P) Menawi elep niku kan nggeh dalu, niku nggeh diwerohi
181.	pak?
182.	(SG) Nggeh nek elep ngoten mboten enten masalah, wong mboten
183.	nantangi kok. Lha nek sek diwerohi niku kan karepe nyarati to,
184.	ben nggon aku ojo dipangan ngoten to. Tapi sek kono niku wong
185.	arek mangan kok, dari pada de’e sek tak pangan ngoten to
186.	kasarane, hehehe...
187.	(P) Mriki berarti sering nggeh gagal panen karena tikus
188.	ngoten niku?
189.	(SG) Nggeh sering, dalam 8 tahun terakhir nopo nggeh. Tapi kalih
190.	pergantian musim niki penyebab, pergantian musim tanam niki
191.	sek sampun suloyo. Biasane Desember-Januari niku sok mpun
192.	panen. Nek panen Januari niku sok apik. Ning sakniki kan mboten
193.	saget, wong Desember gek ceblok wae. Sakniki sek sepi nek wong
194.	tani ngenten niki. Mengkih sekitar kali wulan sek ajeng panen to.
195.	Riyin jaman pak Bupati sakderenge pak Hasyim niku, pak
196.	Maskun, empun nate onten program tiap dalu ngoyak tikus.
197.	Nggeh namung gerakan ngoyak-pateni ngoten. Njur akhire, saking
198.	brantane masyarakat, ha nyekeli tikus njuk diplecek njug dijang
199.	njug do nggo mangan. Sak Bupatine melu mangan. Niku tikuse
200.	kok yo do ra wedi, niku kamongko teng mbale onten pinten
201.	baskom.
202.	(P) Niku tikus sek dimasak? Saking jengkele niku nopo?
203.	(SG) Nggeh tikus, saking jengkele niku to pancenan. Ngoyak
204.	tikus njug dimasak, kethok ndase diklocop njug dimasak.
205.	(P) Ndak nggeh enak pak?
206.	(SG) Wah nggeh ngapunten wong kulo mboten njikuk kok.
207.	Mboten tegel ajeng mangan niku. Malah giris. Tapi nggeh telas
208.	niku do dipangan.
209.	(P) Tikus niku ndak nggeh pancen omahe teng sawah nopo
210.	pripun to pak?
211.	(SG) Nek nuju teko nggeh ra memper okehe, nanging nek lungu
212.	nggeh mboten ketingal lungone niku.
213.	(P) Wau kan mature njenengan, nek iso omong-omongan
214.	ajeng mboten nrima ngoten pak, njug pada akhire njenengan
215.	nrima mboten?
216.	(SG) Nek iso omong-omongan kongeten niki to antarane dewe
217.	kalih niku sek nggawe tikus, nggeh ajeng omong mboten nrima.

218.	Wong wis labohi pirang-pirang, tenagane le nenagani ngasi kesel
219.	kok malah dipakakke kae ngoten to, jane ngoten nggeh mboten
220.	nrima. Lha gandeng niku sek ngersakke sek Mriko, gandheng
221.	piyambak mboten ngertos to. Yo wis meng pasrah mawon, pada
222.	akhirnya. Yo paling-paling mugo-mugo paringono kuat,
223.	paringono sabar ngoten mawon, paringono rejeki seko dalam liyo,
224.	ngoten.
225.	(P) Kalau nrima ngoten niku, wujud perilakune njenengan
226.	niku kados nopo pak?
227.	(SG) Yo nek nrima niku sek jelas nggeh nglokro to, nglokro sek
228.	ora panen niku, ha wes gelo carane le ra panen niku. Wong wes
229.	<i>nrima</i> , nggeh mpun kepepet to. Nggeh mpun, menyerahkan
230.	kembali kalih yang Berwajib niku. Njug nek corone niku sek
231.	nggawe Bupati-Kecamatan nopo kados tiyang sanes ngeten niki,
232.	nggeh saget protes mriko to, saget demo. Gandeng niku lak ora
233.	ngerti, sek ngersakke Gusti, nek arek demo yo demo nandi ngoten
234.	to.
235.	(P) Njenengan merelakan pak?
236.	(SG) Nggeh merelakan. Ning lilo-lilo kalih nggersulo niku to.
237.	Nggeh lilone kepekso dijuluk, nggersulone le rapanen niku, le
238.	mpun entek biaya pirang-pirang.
239.	(P) Menawi sampun nrima ngoten niku, nopo ingkang dipun
240.	lampai njenengan?
241.	(SG) Haa... lebare niku njuk usaha. Usaha luru dalam liyo meleh.
242.	Lha utang malih niku, pados kebutuhan kagem nggarap sawah
243.	malih supados panen. Lha suk nek panen gawe nutup le gawe
244.	usaha wau niku. Lha niku nek panenane ra apik meneh, yo ra iso
245.	nutup. Njug luru utangan ben supayane iso nutup maleh ngoten.
246.	(P) Nrima niku kagen njenengan gampang nopo mboten pak?
247.	(SG) Nggeh mancen nek wong ngomong niku gampang, pancen
248.	deweknen niku dereng ketaman nggeh duko nggeh, tapi nek wes
249.	ketaman durung mesti niku do saget nglampai. Nek kulo ngoten
250.	nggeh asline ra gampang, segampang le do ngomong niku to.
251.	(P) Lha ingkang menghambat njenengan ketika ajeng nrima
252.	niku nopo pak?
253.	(SG) Hayo masalah kebutuhan, ha nggeh to dadi nggersulo,
254.	mangkane nrima kepekso nggersulo niku to. Neng kok ra panen
255.	mangkaknen butuh arek kiye-kiye njug arek kepiye. Mengko
256.	anake njaluk biaya nggo sekolah, mongko durung mbayar, ngoten
257.	to. Kadang sok wes entuk surat seko wali kelas kono to, urung iso
258.	mbayar.
259.	(P) Rumiya pernah ngoten niku pak?
260.	(SG) Hehehe.. Nggeh pernah, mboten ming pernah tapi sering.
261.	Mboten panen, tapi kedah mbayar terus angsal surat. Njuk njaluk
262.	tempo. Hambatane niku nggeh nek pas berbenturan kalih
263.	kebutuhan niku.

264.	(P) Nek mboten onten kebutuhan ingkang mendesak ngoten pripun pak?
265.	
266.	(SG) Yo tetep nggersulo, wong menungso niku sifate nggersulo.
267.	Ono-ra ono yo tetep nggersulo. Ning nggersulone uwong sing
268.	kebentur kebutuhan kalih nggersulane ora kebentur kebutuhan
269.	niku benten. Nek wong kebentur kebutuhan niku, nggersulane,
270.	kebutuhane niku arek priye, wong wes ditageh karo wong kae.
271.	Iyo nek kae ki podo-podo menyadari, nek ora menyadari yo ming
272.	ngomyang, nyeneni. Ning nek ora kebutuan niku yo ra panen yo
273.	rapopo, sek penting paringono sehat. Wong kae nang njero iseh
274.	ono. Penggalihe niku benten, nggeh wes teko paringono sabar
275.	parinono kuat, ngoten. Nek gagal panen niku wah... dampake yo
276.	werno-werno. Imbo-imbo, anake sek njaluk kiye-njaluk kiye
277.	mongko wong tuo ke urung panen, wah tambah mumet niku wong
278.	tuo. Kadang anak niku nek njaluk kok kudu oleh.
279.	
280.	(P) Lha sampun kados ngoten niku hambatan kathah, kok njenengan tasih tanem malih? Mboten kapok?
281.	
282.	(SG) Ha nek kapok yo didol to mbak sawahe. Mboten bakal gagal
283.	panen meleh, hehehe... Mayar ramang laboh. Nanging njug arek
284.	mangan opo meneh kiye kulo ke. Anake kulo nganti pernah
285.	sanjang kon mbalekke mawon sawahe nek rekoso le laboh.
286.	
287.	(P) Balekke niku pripun?
288.	(SG) Nggeh balekke kalih sing ndue, wong kulo niki maro kok.
289.	Sek sawah nduwur niko. Ning nek dibalekke ki arek mangan opo,
290.	yo kurang to panenane niku nek ngendelke nggen dewe niku.
291.	(P) Nopo malih maro nggeh pak, tambah kroso banget, wong hasile kedah dibagi kalih?
292.	
293.	(SG) Nggeh abot, wong modale kiyambak. Engko wineh, mes,
294.	mriko sek gadah lemah mboten maringi, nggeh njuk yoso
295.	kiyambak. Sek mriko kan ora kelangan nopo-nopo. Sek mriki kan
296.	wes tenogo nggeh bondo. Lha nek nggon kiyambak ngoten... Ning
297.	nggih kulo ke mboten kapok niku, nek kapok ke njug ajeng
298.	pripun?. Nek kapok wong tani njug ajeng pripun, wong pancen
299.	sagete meng ngoten niku. Ning nggeh onten tiang tani kapok niku.
300.	Njug lemahe diburohake, deweknen nukang.
301.	(P) Oh.. Nggeh, nek maro ngoten niku, biaya piyambak lajeng dibagi kalih hasile nggeh?
302.	
303.	(SG) Ha enggeh, mriko modal tanah, mriki modal tenogo.
304.	Mengkih nek panen dipundut, sakderenge nanging dipotong bibit,
305.	rabuk, biaya penggarapan niku. Mengkih nek panen njuk sampun
306.	dikurangi kabeh nggeh lagi dibagi kalih to. Ngoten mawon kadang
307.	ora nyukupi ngantos panen musim ngajeng kok mbak nek didol
308.	kabeh. Yo kudu ngenggeh to, nek mangsane laboh njug wetenge
309.	lesu yo ra iso macul to ngoten. Nek petani niku panen padi
310.	setahun pindo mawon pun lumayan, tapi nek sepisan wae gagal,
311.	wah ha nggeh niku, njuk kudu kepiye.

312.	(P) Nek empun maro njug gagal niku njug dobel nggeh pak?
313.	(SG) Ha nggeh niku, wes barang maro kok gagal. Niku kraos loru
314.	rasane, ibarate maro kok gagal. Monggo biayane entek okeh, dewe
315.	kabeh meneh biayane niku. Mongko nek gagal panen niku bongso
316.	obat-obatanniku mboten bali. Yo wis ilang. Njug ora ndue
317.	penghasilan barang to. Njuk mangkih ajeng mulai maleh, ngoleh
318.	biaya kagem nggarap niku ngoten.
319.	(P) Kamongko menawi petani niku tenagane mboten dietang
320.	nggeh pak?
321.	(SG) Ha nggeh mbak. Sek diitung niku sek suku karo sek raiso
322.	nggawe dewe niku to.
323.	(P) Pada akhirnya njenengan njug nrima juga nggeh, lha niku
324.	ingkang mendukung kagem nrima niku nopo? Inggang
325.	maraake njenengan kuat kagem nrima niku nopo?
326.	(SG) Nggeh kahanan nggeh. Nuruti kahanan niku. Sakumpomo,
327.	sakniki mangan nggeh kasarane, arek suku tahu ora isoh, isone
328.	suku krupuk. Nggeh empun mangan karo sambel karo krupuk
329.	ngoten niku mawon. Nggeh nrima, nanging kepekso kalih
330.	kahanan ngoten niku. Nek arek dipeksokke sek ndakik ndakik
331.	nggeh mboten saget to. Sek penting isoh mangan isoh nyukupi
332.	sehari-hari, isoh umum koyo koncone, ngoten niku. Sek nguatake
333.	niku nggeh keluarga, nek misale kulo gagal niku nggeh ndilalah
334.	bojone kulo niku mboten tau nyalahake nopo maido pripun-
335.	pripun. Nek arek nyalahake yo nyalahake sek Mriko to. Lha wong
336.	wes diusahani wes disemprot barang ning ora mari kok, ha njug
337.	priye. Kalih bojo niku sami-sami mikir pripun carane ben berhasil,
338.	ora gagal malih ngoten niku.
339.	(P) Nggeh-nggeh... Berarti inggang mendukung bapak
340.	supados nrima niku kahanan nggeh pak, kalih ibuk inggang
341.	saget suport bapak?
342.	(SG) Lha enggeh, niku, do saling menyadari mawon to. Nek ora
343.	menyadari kahanan koyo ngene malah dadi masalah to. Masalah
344.	engko dadi ribut kaleh bojo, malah kadang fisike njug loro. Kan
345.	malah werno-werno to... Nek nrima niku kan sampun angkat
346.	tangan nggeh, sampun menyerah ngoten. Diri sendiri nggeh
347.	nyerahake kalih sek nggawe urip niku to. Karo awakke dewe
348.	nggeh ngeyem-ngeyemi, yo wes mugo-mugo paringono sehat
349.	ngoten niku mawon. Niku bener-bener saget ngeyem-ngeyemi ati,
350.	ben biso paringono sabar ngoten, kiye gek kenang cobo ngoten.
351.	Opo iyo nek jenengane rodo kui ning ngisor terus yo ora klakon.
352.	Saiki gek ora ndue rejeki, mugo-mugo tahun ngesuk diparingi
353.	rejeki.
354.	(P) Nek sampun nrima ngoten niku, dampak teng diri niku
355.	pripun pak?
356.	(SG) Nggeh rasane niku, awale nggeh mumet nggeh, nrima ning
357.	mumet, njuk nglokro. Soale balike melih ting kebutuhan, tapi nek

358.	ora nrima njug priye melih wong diparingo koyo ngono,
359.	menungso meng sakdremo ikhtiar. Ning alhamdulillah nek nrima
360.	niku mboten marakke loro pancenan. Nek saiki niku ngeman
361.	awak, nek mboten nrima malah mboten sehat. Sehat awak sehat
362.	pikir. Nrima niku wes paling terakhir, istilahe yo paling mentog
363.	niku to. Nek urung nrima mestine iseh diusahani. Nek nrima niku
364.	wes paling terakhir. Nek wes diusahani wes raiso, yo nrima,
365.	pasrah. Nrima niku nggeh marakke kuat, njug onten dorongan
366.	kagem nanem maleh, ndue pengarep-arek menowo tahun depan
367.	onten rejeki. Coro ora nrima njug lebare nglokro, njug mengko
368.	dampake loro niku to kan yo malah raiso usaha, mboten iso
369.	nggarap maleh, akhire kan neng badanne kiyambak niku. Sek
370.	dieman niku nggeh awakke dewe.
371.	(P) Enggeh pak, lha petani kan modal utamane nggeh tenogo
372.	nggeh?
373.	(SG) Ha enggeh modal awak, modal tenogo. Mangkakne nek loro
374.	malah ora due pemasukan, njug pengeluaran. Engko nek loro
375.	mangkaknen kudu, iyo nek ning omah, lha nek ting rumah sakit.
376.	Nggeh akibat mikirke kebutuhan niku. Mangkaknen nek teng
377.	rumah sakit niku koyo ting warung, wong ora keno dinyang.
378.	(P) Oh... Ngoten nggeh pak. Emm mungkin ngoten riya
379.	mawon pak. Kados sampun cekap. Ngapunten sampun
380.	ngreputi.
381.	(SG) Nggeh... mboten nopo-nopo.

Verbatim Wawancara

INFORMAN RY WAWANCARA 1 (KODE: RY: W1)

Lokasi Wawancara : Rumah Informan
 Tujuan Wawancara : Building Raport
 Jenis Wawancara : Tidak terstruktur
 Hari/Tanggal : Minggu, 5 Januari 2014
 Jam : 11.53 – 12.40
 Keterangan : (P) Peneliti
 (RY) Informan RY

No.	Hasil Wawancara
1.	(P) Kulonuwun buk... ngapunten ngganggu siang-siang niki nggeh....
2.	
3.	(RY) Ohalaah.. nggeh mbak, mriki to tekoan. Ajeng pripun to?
4.	(P) Njenengan ndak tepang kalih kulo buk?
5.	(RY) Eee mbak sinten to niki?
6.	(P) Heheh... kulo Melani buk.
7.	(RY) Oh.. nggeh mbak melani nggeh.
8.	(P) Nggeh buk, emm ngeten buk... kulo nikikan saweg skripsi ngoten, lha kebetahane kalih njenengan niku bdhe wawancara ngoten..
9.	
10.	(RY) Oh ngambil data ngoten niku? Nek anakke kulo niko nek wawancara ngoten niki munine ngambil data ngoten.
11.	(P) Nggeh bu, niki kulo lagi ngambil data. Hehehe...
12.	(RY) Nek skripsi niku njug nglembur-nglembur nggeh mbak le nggarap.
13.	(P) Nggeh je bu. Ngantos dalu biasane... Ngeten bu, mangkih kulo bade tanglet-tanglet mengenai pengalamanyun njenengan selama menjadi petani ngoten. Njenengan mpun dangu to buk le dados tani?
14.	(RY) Oh.. nggeh mbak, nggeh mpun ket mbiyen to nggeh.
15.	Sampun ket bar dadi nganten niko. Sakniki anakke kulo sek mbarep mpun ndue anak teng Tangerang, sing nomer loro mpun sepodo njenengan niki. Sek skripsi nggehan.... lha sek niko potone.
16.	(P) Oh nggeh nopo buk, lha mase kuliah wonten pundi?
17.	(RY) Teng STAINU niku mriku, nek mbakke kuliah pundi?
18.	(P) Kulo teng UIN Jogja buk niki.
19.	(RY) Mundut jurusan nopo?
20.	(P) Psikologi buk.
21.	(RY) Mangkih ngajar njukan?
22.	(P) Hehe.. nggeh mboten wong kulo mboten ngambil pendidikan kok bu. Emm...njenengan saget kulo wawancarai kapan niki buk?
23.	(RY) Nggeh monggo sak kerso mbakke mawon. Sakniki nggeh

34.	mboten nopo-nopo...
35.	(P) Sakniki janjian riyin mawon buk, hehehe... kulo tan
36.	nyiapke pertanyaan ingkang ajeng tak tangletke ngoten. Nek
37.	Ngenjang saget mboten buk?
38.	(RY) Nggeh saget mawon, wong kulo ngoten gampang. Angger
39.	ngomong riyin, samare kan nek ngepasi kulo sek teng sawah
40.	barang to mbak.
41.	(P) Oh nggeh... njenengan ngenjang jam pinten teng ndalem
42.	buk?
43.	(RY) Nggeh pagi teng omah, mangsak. Jam songonan niko ngirim,
44.	nek dong nggeh bapakne sek bali sarapan. Mengkih jam sepuluh
45.	niko mangkat ting sawah. Bar luhur wangsul to...
46.	(P) Menawi pagi saget nggeh buk, jam 8-an ngoten sampun
47.	matengan to nggeh buk?
48.	(RY) Nggeh sampun biasane mbak. Nggeh njenengan mriki jam
49.	pitu nggeh mboten popo kok, skalian sarapan mriki. Heheh....
50.	(P) Nggeh buk, gampil nek soal sarapan niku. Nggeh ngenjang
51.	sekitar jam 8-an kulo mriki. Semoga njenengan sampun
52.	matengan nggeh bu. Dadose mboten ngganggu ibuk.
53.	(RY) Ehalaah... nggeh mboten ngganggu kok. Kulo mandak remen
54.	to dikancani. Wong biasane niku dewekan. Anakke ra tau do bali
55.	mbak. Jan delak-delik mawon kalih bapakne kalih mbahne niku
56.	mawon. Wes nek ngenjang le wawancara wes rampung ki yo tetep
57.	dolan mriki lho mbak.
58.	(P) Heheh... mbok enggeh, inshaallah nggeh bu. Menawi sek
59.	liwat mriki kulo tak mampir.
60.	(RY) Eh yo dilegakke kok. Heheheh...
61.	(P) Heheh nggeh bu... emmmhh, berarti ngenjang mawon
62.	nggeh bu.
63.	(RY) Nggeh...
64.	(P) Nggeh sampun bu, kulo tak pamit riyin. Kadose kok
65.	sampun cekap.
66.	(RY) Kondur pundi niki mbak? Jogja nopo? Nek adoh mbok
67.	nginep mriki ke mboten popokok.
68.	(P) Mboten kok buk, niki kulo wangsul teng Kranggan, teng
69.	nggene Oome kulo. Heheh...
70.	(RY) Oh halah Kranggan Temanggung niko?
71.	(P) Lha enggeh bu, caket kok.
72.	(RY) Lha enggeh nggeh ming mandap mriko niko to.
73.	(P) Nggeh bu, hehe... nggeh bu pareng riyin nggeh... monggo
74.	buk. Assalamu'alaikum buk...
75.	(RY) Walaikumsalam

Verbatim Wawancara

INFORMAN RY WAWANCARA 2 (KODE: RY: W2)

Lokasi Wawancara : Rumah Informan
 Tujuan Wawancara : Penggalan Data
 Jenis Wawancara : Semi terstruktur
 Hari/Tanggal : Senin, 6 Januari 2014
 Jam : 09.20 – 11.00
 Keterangan : (P) Peneliti
 (RY) Informan RY

No.	Hasil Wawancara
1.	(P) Hmm... ngapunten buk, niki ganggu malih. Kedah dipun tangkletaken soale kan nopo kedah rinci ngoten nggeh, nek skripsi ngoten. Ngertos piyambak to njenengan buk. Hanggeh kulo niki nglembur-nglembur mangkeh transkrip wawancara, direkam trus diketik. Dados mangkeh tangklete kados kemarin.
2.	
3.	
4.	
5.	
6.	Dadose pripun ingkang dipun raosake njenengan menawi pas gagal panen ngoten niku sih buk. Menawi nganu, empun dangu pak? Eh buk? Inkang maleh ingkang ting nginggil niko teng Kranggan?
7.	
8.	
9.	
10.	(RY) Wah mpun ket mbahe riyen niko, njug bapake niki.
11.	(P) Kok mboten ditumbas mawon?
12.	(RY) Ha mboten disade, ora butuh duit. Putrane ndoro. Wonge ora nang omah, neng Jakarta kabeh. Hanggeh dipasrahke, mbakyune taseh wonten sek teng mriki, riyen niko keluargane taseh.
13.	
14.	
15.	Keluargane niku sedot pinten niku njug sing teng mriki mung setunggal. Wong pancen taseh ndoro nggeh. Sawahe rak meter ambane. Lha niki sing tak paro nggen kulo niki mpun meninggal sing jaler. Lha ndung sing setri kan, wong jenenge anak mantu, nek bali teng mriki kan njur ipe. Mboten ngerti. Padahal keluargane sik nang omah mung siji tok niku. Neng angkuh tenan sijine kui. Pol angkuhe niku. Waune se pase ibune nek nopo-nopo. Padahal iku mantu neng sing lanang iku kalah. Sing nggone deweke nggeh nganu. Sing lanang mriko mriki teko manut. Sing neng Jakarta nek teko mriki nggeh. Padahal nek sakniki padane koyo kulo nek maro karo sing duwe sawah niku malah penak. Lah sakniki karo keluarga?. Mangkeh nek panen, kulo ngoten sek penting mpun tak aturke to. Mriko ngoten. Sing penting kulo maro. koyo wingi nandur mbako, nandur mbako kulo ragat dewe kabeh, wonten nopo wes rak tak etung, wineh, mes niku tuku dewe. Akhire rak payu kulo sing kelangan to. Njug mboten gelem paron, mboten. Padahal nek riyen sek ibune, wah nopo-nopo mriko. Mriki meng tenogo. Nek sakniki mboten. Kulo mes golek dewe, wineh golek dewe. Nopo maleh tenagane. Niki niku sakniki
33.	

34.	njug nek koyo kulo wingi anake ngebel, aku nandur mbako rak
35.	metu, malah rugi durung untung. “wes mak, sawahe kui balekke
36.	wae. Mak iki nambahi rekoso nambahi utang” malahan anake nek
37.	dibalekke njug prie, wong sawah apik2 kok. Yo ncen iki gek salah,
38.	mbok menowo suk sing keru paring apik. Yo gawe laboh bapakne
39.	kok njur mbalik po njug keprie. Kulo njug ngoten to. Nek
40.	dibalekke bapakne nek laboh njug kon opo? Tapi njug nambahi
41.	utang, yo ra popo, sak iki gek rak metu, sesuk nek menowo sing
42.	keru. Kulo ngoten. Yowes nek ngunu mak, luweh.
43.	(P) Hmm...nggeh..nggeh..nggeh
44.	(RY) Hanggeh jenengen bocah rak ngrasakke, sing ngrasakke kan
45.	sing tuwo.
46.	(P) Nganu nggeh, dilalah sing dipaleh ngoten malah rodo-rodo
47.	angel, meneh nek pas gagal ngoten niku nggeh mboten cuman
48.	padi mawon, padi nggeh enggeh, lombok nggeh enggeh misale
49.	njug raosipun pripun?
50.	(RY) Menyesal. Nggeh niku wingi. Wingi niku pancen. Lak sak
51.	dangune niki mboten nate disoto. Ndilalah sing kiwo tengene niku
52.	to ngasi do ngene mbak “mbajal di-mbako, ngko sesuk mbako ki
53.	rek payu. Seng taun ngajeng njo nek dimbako dimbako kabeh,
54.	karo ben cethek. Wong lemahe jerone ngoten niko to. Ben karo
55.	cethek. Ha nek ora gelem nanduri wes tak tandurane. Wah sawah
56.	aku sing maro kok tak tandurane, yo aku sing nanduri dewe. Sak
57.	rupan-rupane ngoten njug ditanduri. Alhamdulillah sing taun
58.	wingi ndilalah niku nandur keru, nandur keru niko to, mpun gelo.
59.	Eh malah ditebas 3,5. Pajeng 3,5 alhamdulillah nggeh. Njug nek
60.	wingi, wingi niko jan gagal total niko.
61.	(P) Kengeng nopo masalahe niku?
62.	(RY) Ha tak tinggal teng Jakarta, lha mriki sek ngopeni kurang to.
63.	Niki sing ngopeni teng omah lak njug kurang. Tenagane kan rak
64.	cukup. Lha kulo lak ngopeni simbah. Niki lak simbahe teng
65.	plumbon. Esuk gasik masak, anake lak nang omah ngko mangan
66.	opo. Tak tinggal lungu teng mriko sewulan to. Bali bali takoni pie
67.	mak mbakone? Arek diopeni opo orak. Hanjug kulo nang sawah.
68.	Ha kok ko ngene. Sing duwe ora bali ora bati, ora ngerti. Kulo
69.	dewe direwangi utang-utang. Ragate rak bali, ha nek paron njug
70.	pie meneh. Nggeh to. Neng nek ora paron priye meneh. Ha
71.	ndilalah jane sing 3 kotak niku mpun didangi to, mpun dibabuti
72.	sukete ha njug apik nggehan. Neng nggeh niku njur matur sing
73.	kagungan ‘wes ora usah diopeni, ko ngono mbakone. Ngko ndak
74.	kakehan ragat. Ngoten mboten kiyambake ngenahi solusi ‘yo kono
75.	diemes,sesuk emese paron. Ngono ki mboten. Ha kulo nggeh
76.	wegah to mandane. Mangkeh pamane tak ragati njug payu, njug
77.	mangkeh tak jikuk sarat ragat telas mboten ngeke’i kaleh sing
78.	duwe sawah muni-muni. Ha niku manding gak tak openi.
79.	Maksute koyo kulo kelangan sitik ora popo wong pancen koyo

80.	ngono, ha nek ora ditukokke wineh njug arek ditanduri opo wong
81.	pancen wes dipaculi. Ngoten. Nggeh niku njug tak tukokke wineh,
82.	njug niku mbasan arek ngemes mbake sing nduwe malah “rak sah
83.	dimes, saiki mbako rak do apik” mpun to, mboten salahe kulo to.
84.	Sing lanang niku kepenak, sing wedok. Ah.. ngoten itungane sing
85.	lanang kalah to.
86.	(P) Trus nek menawi ngoten, nek gagal njug raose pripun buk
87.	njenengan?
88.	(RY) Hanggeh kulo ajeng arep-arep opo nek koyo ngene kie ora
89.	panen. Njug kepriye.
90.	(P) Niku kan nggeh abstrak mboten ketok nggeh, nek diraoske
91.	teng awak niku rasane pripun bu?
92.	(RY) Rasane nggeh hanjug teng sawah niku wegah to. Koyo rek
93.	loro niko to.
94.	(P) Nggreges ngoten?
95.	(RY) Enggeh... Ha sakniki pamane pari. Pari niku niliki teng
96.	sawah. Niki koyo kulo wau teng sawah ngirim to, ha ngamatke
97.	mriki niki kok astaghfirullahal’adhim..kok krowak-krowak
98.	pangani tikus ko ngono to. Kulo niku ngoten niki. Niku nggone
99.	tanggane, neng batinan niku to ha rak untung kok wes dipangan
100.	tikus koyo ngono, semno ambane, njur rek priye. Ngoten niki kulo
101.	njug’an. Sak niki nggonaku kok gek arek tandur. Waune nggeh
102.	mpun dilombok to, arek tandur, mugo-mugo paringi panen.
103.	Ngoten niki mengan. Nggeh mangkeh nek are tandur njug
104.	dipangan tikus nggeh gelo maleh. Nggeh gelo, hanjug pripun arek
105.	ngarep-arep nopo. Njug mangkeh nek teng sawah njug wonten to.
106.	Ah sing diarep-arep mung kui, tekan sawah kok dipangan tikus,
107.	kok dikerah omo. Niku malah njug dadi loro nggeh onten. Koyo
108.	ngoten niku
109.	(P) Dadi sakit?
110.	(RY) Hanggeh mbak. Le ngenes mikir niku. Hanjug njajal ajeng
111.	pripun sak niki to mbak. Nek wong tani niku to ngarep-arep, koyo
112.	kulo mawon ora sopo-sopo nggeh, kae saiki ge arek tandur besok
113.	nek menowo panen. Ha tekane arek panen kok njur dipangan
114.	tikus, ha njug aku ki arep-arep opo, hanjur rek nyarutan kepriye.
115.	Ngoten nggehan. Paling-paling yo ora dipikir. Tp ora dipikir ha
116.	nek utange ora ditagih. Ha nek utange ditagih?. Arek kepie...
117.	ngoten. Maksute nek onten sampingane nopo-nopo ngoten. Padane
118.	koyo nggone kulo wong asli wong mriki kabeh, seje kaleh ngene
119.	niku dek Mun. Niku benten maleh. Mriko mawon ombo. Nek
120.	mriki nggeh sawahe nggeh ombo neng maro. Sedanten niko maro
121.	kabeh. Maro nggen adine. Adine teng Mbrongkong.
122.	(P) Nggen adinene sekeco nggeh?
123.	(RY) Nggeh sekeco mawon. Pamane mboten panen barang niku
124.	njug gampang. Sak monten ambane niku kabeh nggonne adine.
125.	Sing tanduri lombok niku nggeh nggene adine nggehan. Wajib

126.	garap neng rak wajib adol, masalahe niku ha sek ngopeni kok. Ha
127.	kulo nggeh riyeu tau ditareni kaleh ponakane. Ponakane lak dados
128.	nganu, tentara an gkatan udara teng bnadung. Njug pas lebaran
129.	niku wangsul, kiyambake niku ndilalah koncone akrb niku tiyang
130.	bandung niku kon golekke keluargane gen rudi niku gen ponakane
131.	kulo. Ha wes kono mas golekke keluargane sampeyan nek gelem,
132.	nganu, kon nglabohi. Maksute kiyambake kan gadah sawah ombo
133.	pirang hektar niko. Ha njug teng ngriku niku kulo nggeh ditareni.
134.	Teng mriku niku arek gawekke omah, nggeh to, sak durunge duwe
135.	pangan nggeh pangane dikei, njug sawah niku gen kiambake ken
136.	nglabohi kabeh, pirang hektar Mangkeh pertama niku laboh,
137.	wektu niku kon ngepek dewe, njut mriku niku sing penting ono
138.	pewektune sawah niko, neng nek mboten wonten pewektune
139.	karepe niku eman-eman, wong teng mriku niko anane tandurane
140.	mung stroberi tok, sawah semunu ambane. Ngoten. Konno nek
141.	gelem keluargane sampeyan, neng nek ora keluargane sampeyan
142.	aku ora.
143.	(P) Tapi teng mriku nggeh bu?
144.	(RY) Hanggeh teng mbandung mriku. Kulo nggeh wegah to.
145.	Waune nggeh njo. Wong sawah pirang-pirang hektar kok ora
146.	maro.
147.	(P) Tapi teng mriku benten buk culture?
148.	(RY) Hanggeh. Nek teng ngriku njug wong mriku to wong sundo.
149.	Wong sundo kan niku to.
